


UNOFANIRA KUBEREKWA PATSVA

 ...Mangwanani emhanheru eGoredzva, mushumiro yaIshe. Uye Hama Neville neni tanga tiri kuedza kuuya pamwe chete, uye tanga tiri, pakutaura, pane zvataizoita. Ndanga ndichiedza kuvaita kuti vakwire kuno kumusoro uye kuti vaparidze mangwanani ano kunemi mose, uye voita kuti ini ndive nayo manheru ano, saka zvabva zvashanduka, ndine dzose dziri mbiri mangwanani ano nemanheru kuti ndizviite. Saka, ivo mutengesi anokwanisa kwazvo. Uye saka tisati tave ne... tatanga kirasi, ndavaudza kuti tinozongova nekirasi, sekunge hapana vakawanda vedu pano mangwanani ano, uye tongova nekirasi. Ndisati ndaita izvi, ndinoda kupa chiziviso chidiki. Ndine...

² Tine vamwe vanhu avo vakauya pano kubva kuNew York, kuzogara nesu. Ndinofunga handina kumbosangana nevanhu vacho. Hama Neville vati ivo vachangobva kutaura nezvazvo. Husiku hwapfuura ndakanzwa kuti vaive...tirera yavo yakanga yabatira moto uye ukaparadza tirera yavo. Ndakabuda kuti ndinoona vanhu vacho, uye vaitaridzika kuve vanhu veChikristu vakaisvonaka, vakarurama. Uye ivo, vakaita sevanhu varombo, sesu tese, uye Hama Wood nevaviri kana vatatu vedu takanga tiri kuzonova pamwe chete uye toona kana tanga tisingakwanise here kungovatengera imwe tirera. Uye vaive vachitapira kwazvo uye vakati ivo...inishuwarenzei iyo yavakanga vachishandisa pairo, vakanga vapinda panguva yakaooma uye vakatozosiya inishuwarenzei yacho. Asi, zvisinei, mumiririri akange abhadhara inishuwarenzei, kana kuti, zvino ivo vakawana—vakadzorerwa inishuwarenzei yavo yetirera yavo, iyo zvichida inozokwanisa kutsiva tirera yacho zvekare. Ivo vachazoziva izvozvo, ndinofunga, Muvhuro kana Chipiri, kana chimwe chinhu chakadaro, kana Chipiri, ndinotenda ndiwo. Uye saka tinoda ku—kugoverana kusuwa kwavo, kuti tiite zvese zvatinogona kuti—kuti tivabatsire, kuvaita kuti vazive kuti isu—isu tiri hama nehanzvadzi muna Kristu Jesu, uye tine kunzwirana mumwe kune mumwe. Uye—uye ndinofunga kuti mumwe nemumwe angadawo kunzwa nenzira yakadaro, kuti ave nerubatsiro rwudiki kwavari panguva ino. Izvi zviru kunze kwezvajakajairika zvisihoma, ndinofunga, handina kumbotora mupiro muhupenyu hwangu, uye ndi—ndiri kuzorega kuti Hama Neville vazviite. Kwa—kwanga kuri kuzvirasirira, handizvo here? Zvakanaka. Maita henyu, Hama Ben. Kungoti mumwe munhu, icho, chinongova chimwe chinhu chidiki chaunacho icho chaungagona kudonhedzera kwavari, ndine chokwadi chekuti chinozoyemurwa.

Hama Neville, huyai pano. Handizivi kuti ndodii. Imi chingoitai chero zvamunofunga.

[Hama Neville vanoti, “Maita henyu, Hama Branham. Uye ndinofarira kuita chimwe chinhu nenzira iyi, nekuti izvi ndizvo zvinotibatsira kuti tiwedzere kufanana naKristu uye nokuva vemweya. Dzimwe nguva vanhu vanoti, ‘Ndinoda kuti mundinamatire kuti ndive Mukristu ari nani.’ Zvakanaka, ndiri . . . ini ndakatokunamatirai kare, zvino ndiri kuzokuratidzai kuti unova mumwe sei. Ameni. Ndiyo nzira yekuzviita nayo, uye wozarura manzwiwo ako etsitsi. Uye ndinoziva zvakare kuti, Hama Elliott, havakumbire kunzwirwa tsitsi nekuda kwazvo, asi ivo murume akaremara, uye saka . . . uye vanga vasiri kushanda. Saka tichangozarura, mangwanani ano, mwoyo yedu uye tobatsira hama idzi. (Ndinotenda, hedzino idzi ndiro dzemupiro, *pano*. Hongu.)—Mupepeti]

[“Baba veKudenga, mangwanani ano, tinotarisa kwaMuri, apo patinogamuchira izvi; tichifungisisa pachedu, kuti iMi makatiropafadza tose sei, uye mukapa kwatiri zvinhu izvi zvinobatika zvakaita sezvinodiwa kuitira kubatsirikana kwedu nekugara zvakanaka. KwaMuri isu, mangwanani ano, tinopa izvi izvo zvatinopa sechikamu chidiki chetsitsi dzedu. Dzacakura itsitsi dzeNyu!”] Hongu. [“Asi, Ishe, tinozvitenda kana tikakwanisa kungova netsitsi shoma, sezvo iMi makava netsitsi dzakawanda kwatiri. Hepano pane vadikanwa ava vari pano pakati pedu, Mwari, uye isu mangwanani ano tinonamata kuti iMi zvino muzotiropafadza apo patiri kuzarura mwoyo yedu. Uye iMi itorei, itai sezvaMaizoono zvakanakisa neMweya weNyu. MuZita raJesusu, uye nekuda kwaKe. Ameni.”] Ameni.

[Hama dzinotora maminiti angangoita mana kupfuudza ndiro dzemupiro, vachigamuchira mupiro weungano kuitira mhuri yekwaElliott, apo muridzi wepiyano achiridza nziyo dzakati kuti.]

³ Ndafunga kuti, zvichida, apo pavari kuita izvozvo, zvaizondipa kamukana kadiki kuti nditore chimwe chinhu chekutura nezvacho mangwanani ano, kubva mune zvimwe zvinyorwa nezvinhu zvandakanga ndanyora pachimedu chebepa. Ndinofungidzira kuti vaparidzi vese vanoita izvozvo. Zita revanhu ava rinonzi ani, zvino, avo vane tirera yakatsva? [Hama Neville vanoti, “Elliott.”—Mupepeti] Elliott. Hama neHanzvadzi Elliott nemwanakomana wavo vari muchivakwa mangwanani ano here? Kana varimo, kana muri mungasimukawo here, uye moti, mongotaura zvakaita sekuti “Tinokutendai nekuda kwe . . .” kuvanhu, handiti, zvakanaka. Mune shoko ramunoda kutaura here, Hama Elliott kana kuti Hanzvadzi Elliott, uye kune vanhu? [Hama Elliott vanopa kutenda kwavo.] Mwari akuropafadzei, Hama Elliott. Izvozvo zvakanaka kwazvo. Maita henyu. Mwari ave nemi, imi neHanzvadzi Elliott nemwanakomana wenyu.

⁴ Vanhu vakabva kuNew York. Handina kuziva kuti vari pano. Ivo vakati ndakambova nehurukuro navo, kana kuti ndakambonamata navo kana chimwe chinhu, imwe nguva. Ndakanga ndisingavazive kusvikira ndasangana navo nezuro, ndikavaona vari Makristu anotapira, vanhu vakanaka kwazvo. Uye vaigara kumusoro kuNew York, kumusoro kuHudson River Valley kune imwe nzvimbo, uye zvichida kubudikidza netepi kana chimwe chinhu vakatenda Mharidzo, uye vakatengesa zvese, vakauya muno, vachingopa hupenyu hwavo nenguva dzavo kuna Kristu. Uye tinoda kuti imi muzive kuti uku kuratidza kwedu kudiki, Hama neHanzvadzi Elliott, kuti tiri vayeniwo, zvekare. “Tiri vafambi nevatorwa munyika ino. Tiri kutsvaga guta iro Muvaki neMuvambi waro ndiMwari.” Zvino chakaipa pachakawira pamuri pamusoro pezvinhu izvi, ari dhiyahore achiedza kukupisai uye nekukuvhundutsai, tinemi zvikamu zana kubva muzana, takamira shure kwenyu mune zvinhu zvose izvo zvatinokwanisa kuita kuti tikubatsirei kuti mumire patsoka dzenyu zvekare. Simukai nemuZita raIshe Jesu uye moenda mberi muchifora. Regai—regai kudonha pasi, kwete. “Matambudziko evakarurama mazhinji, asi Mwari vanovadzikinura kubva maari ose.” Uye saka isu—isu tinoziva kuti tinotarisisira zvinhu izvi kuti zviitike, asi tinoziva kuti tinotarisisira zvekare kuMuponesi wedu Uyo anopfuura mukundi, tiri, maAri Uyo akatidzikinura.

⁵ Zvino, nhasi izuva rakaita serakazara, uye mangwanani ano ndanga ndichifunga ipapo, Ndangofunga kuti ndaizodzidzisa kwekanguva mukirasi yeSunday school. Sezvakafanana, nekuiita kirasi yeSunday school kubva mairi mangwanani ano. Uye manheru ano nenguva dza seven-thirty, ndinoda, kana kuri kuda kwaMwari, kuunza Mharidzo yangu—yangu yeGore Idzva, sezvo Svondo yapfuura kana kuti Svondo manheru ndakaunza Mharidzo yangu yeKisimusi. Uye manheru anhasi ndichaunza Mharidzo yangu yeGore Idzva naseven-thirty, Ishe vachitendera. Hama Neville vachava nemharidzo yavo yeGore Idzva, uye ndiri kuona Hama Stricker neche kuno uye neHama Collins, uye, oo, nevamwe vashumiri vari kwese pano, naHama Palmer vari kumusoro kuno nesu, vanobva kuGeorgia, ne—nevamwe vakasiyana-siyana vari pano. Ivo vashumiri, muchange muchinzwa kubva kwavari manheru ano.

⁶ Zvadaro ndakafonera Hama Neville nezuro, uye pane chimwe chinhu icho chakarova moyo wangu, ndichiona kuti iri iGore Idzva, uye iyo zvakare ndeyekutanga, seSvondo yekutanga, ko tadini, manheru ano, pachinzvimbo chekuva nekupembera kukuru nekudanidzira uye nekungoenderera sezvinoitwa nenyika yese, ngatitorei chirairo pakati peusiku. Maona? Maona, toshumira Ishe. Hama Neville vakabvuma kuti ivo vakafunga kuti zvaizonge zvakakodzera kwazvo. Uye manheru ano, Ishe vachitendera, ndichange

ndichishumira chirairo natwelve o'clock manheru anhasi. Uye isu tichatanga Gore Idzva, kwete nekudanidzira nekungoenderera, zvinova zvakanaka kana vachida kuita izvozvo, asi ngatingozviitai zvakayereswa zvakawedzerwa uye nekuperera, uye ngatisanganei negore rino nenzira yekuperera kuna Kristu, tichipa zvedu zvese zvatinaazvo, uye nechitsidzo chedu. Kwete kuzarura peji itsva kana chimwe chinhu chakadaro, kutanga rimwe gore idzva, hatitidzi mune zvinhu izvozvo. Unongozarura peji itsva kuti—kuti uzoifuridza ichidzokera zuva rinotevera, saka ngatingopai hupenyu hwedu kwaAri, uye totora chirairo manheru ano pakati peusiku. Uye ndinotenda kuti ndiyo nguva yekutanga yandinorangarira, kubvira ndiri mushumiri, yandakambozviita. Munozvirangarira here, Hama Neville? Asi chimwe chinhu chitsva kwatiri zvino, uye kashoma kuti Gore Idzva rinouya seizvi, munoziva, saka zvango—zvangondibata, uye ndafunga kuti zvingava zvakanakisa.

⁷ Ndinofunga zvino kuti iyi ichaita sekunge nguva yekupedzisira yandinozokwanisa kutaura nemi mese kwechinguva zvino, ndichipinda muGore Idzva, ndichipinda kunze mumunda wekuvhangeri, pabasa raShe. Ndichange ndichienda rinenge vhiki rinouya, kana kuti zuva rekutanga revhiki rinotevera, kuPhoenix, kwemisangano inenge gumi neshanu, gumi nenhanhatu yakatevedzana, kupfuura nemumipata yese, uye kumusoro tichipfuura nekuSunny Slopes neScottsdale, nekwese kwakapoteredza kunze tichipfuura nemumipata ikoko. Uye zvadaro tova neChristian Businessmen's Convention inobva ipapo, inova konivhenisheni yemazuva mashanu pakupera kwemisangano yese iyi. Vakaronga nenzira yekuti ndikwanise kutaura kune masangano ese, imwe neimwe yemachechi avo ose ari munharaunda yese yeguta guru reMaricopa Valley muPhoenix. Uye vanotanga musi wegumi neshanu. Saka ndichabva kuno ndakakurumidza nemazuva angaite gumi, kuitira kuti...Ini ndozomira zvichida kuti ndione shamwari yangu yakanaka, Hama Moore, uye nevakawanda vavo ndichidzika zasi. Ipapo kuchange kuchinaya chando pakudarika nemumipata, nezvakadaro, uye ndoenda nenguva. Uye zvadaro ini... vazhinji venyu imi vanhu muri vashumiri.

⁸ Uye Hama Roy Borders, kana vari pano mangwanani ano, ivo vanowanzochengeta misangano muhurongwa apo pavanenge vachifona kuitira misangano. Uye panguva ino yezororo reKisimusi, zvakanaka, ndinowanzogadzira hurongwa hwemafambiro ekwandinoenda gore rinotevera, asi gore rino neimwe nzira ndakanzwa kusaita izvozvo. Ndinonzwa kuti ndichaenda uye ndova nemusangano mumwe chete, uye zvadaro uko kwaAnonditungamirira kumusangano unotevera ndichaenda ndichibva ipapo. Uye zvadaro kubva pamusangano

unotevera, chero kupi kwaunenge uri, ndinongoenda sekunditungamirira kwaAnoita.

⁹ Uye ndichitarisira zvino chimwe chinhu kuti chitike mukati megore rino. Uye zviratidzo zvakawanda zvanga zvichiuya kwandiri munguva pfupi yapfuura. Mamwe mangwanani chimwe chakakura zvekare uye zvese zviine chekuita uye zvichitaridzika sechimwe chinhu chikuru chiri kuda kuitika. Saka ndinongoramba ndichivimba naYe. Zvimwe zvacho handitombozvinzwisisa. Uye isu hatinzwisise zviratidzo, zvakananyanya kuita semufananidzo uye isu hatingonyatsozvinzwisisa dzimwe nguva, asi tinoziva kuti ndezvechokwadi, zvakadaro. Saka, zvichaitika. Ndinozvinyora pasi.

¹⁰ Uye saka ndinotenda kuti zvakaziviswawo zvekare, kana kuti zvinofanira kudaro, kuti ese boka rematirastii neboka remadhikoni anofanira kusangana pano patabhenakeri mumusangano wemubatanidzwa, vari pamwe, seven o'clock mangwana manheru. Zvino regai ndizivise izvozvo zvekare kuitira kuti kana madhikoni, chero kupi ivo, kana vari mune imwe kamuri vanogona kunzwa pamaikorofoni diki, kuti mangwana manheru naseven o'clock, vese mufundisi—vese mufundisi, boka remadhikoni nematirastii, ini ndangoudzwa nguva shoma yapfuura kuti ivo vanga vari kuzosangana mangwana manheru. Uye Hama Neville vanoda kuona boka ravo remadhikoni uye kuti vataure navo, uye matirastii vane nguva yavo yavanowanzosangana, uye saka vachasangana pamwe chete mangwana manheru.

¹¹ Zvino, mangwanani ano, tisati tasvika paShoko, zvino, oo, ngatiregei kuva pakumhanya nekuda kwechinhu chipi zvacho. Mune zuva rose nhasi, uye nhasi manheru nemangwana, ngatingotorei nguva yedu uye—uye ngatiregei kukurumidzisa zvinhu izvi. Nokuti, ndinoziva kuti vanhu vanoneta kana kurukutika uye, kana kuti, vanoda kuenda kumba, munoziva, kuitira zvavo. . . kukurumidza, vawane kudya kwavo kwemasikati, uye varume vavo vakakumirira. Hongu, zvadaro, izvozvo—izvozvo zvakakanaka, chingoverevedza uchibuda chinyararire. Uye—uye—uye vamwe vese vanoda kusara, zvakakanaka. Uye hatidi. . . Hamufanire kunge muchishanda mangwana, zvino, uye saka tinongotora nguva yedu. Uye ndicho chikonzero ndafunga kuti pachinzvimbo chekungoparidza kwemaawa angangoite matatu kana mana, ndaizotora maawa masere kana kuti gumi ekudzidzisa. Maona? [Hama Branham neungano vanoseka—Mupepeti]

¹² Vanhu vese ivavo vanobva kuGeorgia nekuAlabama vakaita kuti ndinzwe kuva mukuru kwazvo humwe husiku. Ndinotenda kuti ndakanga ndiri panze pahofisi, uye vese vakange vaenda kunze kwaBilly, zvino iye akati. . . Hama West nevamwe, vanova shamwari dzakatendeka kwazvo dzinotapira, handisi kuvaona

pano, asi ndinofunga kuti vari pano, vakafona uye vakati, “Nhai, Hama Branham vari kuzova neSunday School here, Svondo mangwanani?” Uye iko kuchitonhora muLouisville, venhau vakati ivo vari kuvhara migwagwa mikuru inopinda nekubuda, uye muri kutsvedza mumigwagwa.

¹³ Billy akati, “Saka, zvinokwanisika,” akati, “vanodzika zasi ikoko.” Akati, “Zvichida Hama Neville kana ivo, mumwe chete.”

¹⁴ Vakati, “Zvakanaka, kukwanisika ikoko kwakanaka zvakanakwana, hepano tave kutouya!” Nzira yose kubva zasi kuAlabama, uye nemunzira dzinotsvedza, zvino ini—ini handina kukodzera kuva neshamwari dzakadaro. Zvino, ichocho ichokwadi. Ini—ini handina kukodzera kuva neshamwari dzakadaro. Pane chimwe chinhu pamusoro pazvo. Uye ndinongovenga kuzivisa musangano, nokuziva kuti ndine vanhu vanotenda Mharidzo, uye—uye vouya, uye—uye ivo vanondida.

¹⁵ Uye ini—ini ndakagara ndichida kudiwa. Pandaive mukomana mudiki ndakanga ndisingadiwe nemunhu upi zvake. Hapana munhu uye nebasa neni. Ndaiva muno muIndiana, ndakaberekerwa muKentucky, saka ndaiva munhu anoshoreka wepasi kune vana ava vekuno. Mumhuri medu, vakomana vese, potse, vaiputa nekunwa uye nezvinhu zvose, kunze kwangu. Uye ndaive—ndaive murambiwa mumhuri, uye murambiwa kuchikoro, uye kubasa ndaive murambiwa, uye kwese kwandakaenda ndaive murambiwa. Uye zvadaro pakupedzisira apo pandakawana Mumwe munhu uyo ainyatsondida, Jesu, uye Iye akati, “Ndichakupai vanababa nevanaamai, vanun’una, hanzvadzi, neshamwari.”

¹⁶ Uye zvadaro chinhu chinoshamisa kuti hany’a yekuchengetedza kwaKe kukuru kune hungwaru, yekuti iYe anoita sei kuti zvinhu mune kwaKe, zviitike. Zvinoita sekunge rudo rwune manzwiwo asinganzwisiske kwarwuri; kwete manzwiwo, asi kumwe—kumwe kudavirira. Uye zvadaro ndinotarisa kunze uko pakati pevanhu, sekundidana kwaAkaita kuti ndive muranda waKe, uye ndinotarisa kunze uko pakati pevanhu uye ndoona chivi chichiverevedza chichipinda, zvadaro ndinongofanira kubvarura ipapo nezvose zviri mandiri, muri kuona, kuchibvarura chibve. Uye ndizvo zvinoita kuti zvitaridzike zvakaoma kune... pamatarisiro angu kwazviri, ndizvo, kuti nditaure zvinhu izvozvo. Asi, zvakadaro, zasi pakadzika, rudo rwechokwadi rwunomhanya saizvozvo. Munoono, rudo rwechokwadi.

¹⁷ Zvino, kana mwanakomana wako mudiki kana kuti mwanasikana wako mudiki anga achitamba mumugwagwa umo motokari dzinenge dziri kumhanya, uye iwe waitoziva kuti munguva pfupi kana kuti gare-gare vanga vari kuzokuvadzwa. Zvino, kana iye akati, “Hongu, Baba, ndinoda kuva kunze kuno,” waizotaura here kuti, “Mwoyo wako uropafadzwe

mudiwa mudiki, Junior, iwe ingoenderera mberi utambe mumugwagwa”? Ivavo havasi baba chaivo. Kana iwe uchifanira nekukasika kuzvuvu mudiki iyeye zvino wobva wamushwapura, womutsiura, womusunga, kana chero chimwewo, kumuita kuti asange ari mumugwagwa iwoyo, anozouraiwa. Ndizvozvo here? Saka, ndiyo nzira yaunofanira kuita nayo neEvhangeri. Unofanira kuzunza pamwe nekusunda, uye—uye—uye woedza kuita zvese zvaunogona kuti uite kuti vanhu varambe vari mumutsara. Zvino, ndinotarisa kuti munhu wese anozvinzwisisa nenzira iyoyo. Ini—ini ndiri kungovimba kuti rimwe zuva pano mushure mekunge zvose zvapera uye zvino kana zvidzitiro zvabviswa kubva pamberi pezviso zvedu, tinozonzwisisa ipapo.

¹⁸ Hama Way, ini...Bhaibheri riya rakanaka iro imi neHanzvadzi Way ramakandipa sechipo cheKisimusi, iroro ringangove chinhu chakanaka chokuti ndichengete zvinyorwa zvangu imomo pane bhuku rakaita seiri, kana ndichinge ndawana mukana wekuritaipa. Handidi kunyora, nekuti ini handikwanise kunzwisisa zvangu zvandinenge ndanyora pachangu, zvino ko chero munhu upi zvake angazozviviitawo sei? Ndakavaudza kuti ndaiva nerunyorwa rwekupfupikisa rwangu pachangu. Uye ndinofanira kurwunzvera pachangu kuti ndione kuti chii chandataura. Uye ini—ini ndichaita kuti ritapwe rimwe zuva. IBhaibheri rine mapeji asina kunamatidzwa kuita bhuku, ayo aunogona kungotora seizvi. Ndine ndima mbiri pano mangwanani ano, nzvimbo mbiri dzandiri kuda kuverenga kubva padziri. Uye muBhaibheri iri iro ravakandipa, unorizarura seizvi, uye unokwanisa kutora rimwe peji kubva kuna Genesis, Zvakazarurwa, chero kupi, uye woaisa ose ari maviri pamwe chete, uye woaverenga kubva ipapo chaipo saizvozvo, munoono. Uye zvararo imwe nzvimbo diki kumashure kuno nechekumashure ine peji risina chinhu, unogona kungodzokera kumashure chaiko kwaari, kune Magwaro ose akanyorwa pasi pamharidzo iyoyo nezvinhu. Izvi zvakakanaka kwazvo. Saka ndinovimba kuti ndichabatsira kuhwinha mweya mizhinji kuna Kristu naro.

¹⁹ Mwari varopafadze mumwe nemumwe wenyu. Ndinoda kutaura zvekare nezve zvipo zveKisimusi zvakakanaka izvo mumwe nemumwe akandipa. Chechi yakandipa sutu itsva, oo, ndinozvutenda zvakadini! Uye ndakawana masutu maviri matsva eKisimusi. Hama yangu, chechi diki iri zasi kuMacon, Georgia, zasi uko, Hama Palmer, vakanditumira sutu itsva. Uye tabhenakeri yakandipa sutu itsva, uye pane zvinhu zvakawanda zvakakanaka zvakauzwa, uye—uye nezvipo zveKisimusi zvakaita semari. Izvo, boka rezvemitero yemihoro vanondiudza kuti kana chiri chipo cheKisimusi uye chakanyorwa kuti “chipo cheKisimusi” kana kuti “chipo cheBhavhudhe,” chero chinhu,

unokwanisa kuchigamuchira; kana zvisina kudaro kuti ndinozofanira. . . zvi—zvinopinda pabasa, zvinova zvakanaka. Uye zvechokwadi ndinotenda mumwe nemumwe wenyu, mudzimai neni, nevana, uye isu tese tinoratidza kutenda kwedu kune mumwe, mumwe nemumwe wenyu, zvakanakisa. Tinoshuva kuti dai taikwanisa kudzokera uye topa mumwe nemumwe wenyu chipo tichidzorera, asi haungokwanise kuzviita izvozvo, munoziva, unongo. . . Ini zvangu, ini—ini handaikwanisa kuzviita izvozvo. Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa, asi ini—ini handingokwanisa. Ndine chokwadi chekuti munonzwisisa. Uye ndinoziva kuti ndiwo manzwiro ehama yangu yakakosha yakagara pano, zvekare. Tinongonzwa kuti vanhu vanotida saizvozvo, tinovatenda.

²⁰ Zvino, ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate, uye togadzirira, kuitira kutanga Mharidzo mangwanani ano.

MuHupo hwaMwari vapenyu tinouya zvino, mukubengenuka, uye nemukuVatya, tinouya nemuZita raIshe Jesu, tichiziva kuti hataikwanisa kuuya uye tichiti, “Zvino, Baba, heuno William Branham, kana, Orman Neville,” kana chero ani zvake watinogona kuve, taizorambwa nekukasika. Asi tine kugutsikana kwekuti Iye akati, “Kana mukakumbira Baba chero chinhu chipi muZita raNgu, munozovipihwa.” Saka handifungidzire kuti ndinogona kuwana, ndichishandisa zita rangu, chero chinhu kubva kwaAri. Asi ndinoziva kuti pandinoshandisa Zita reMwanakomana waKe, ipapo ndinowana chikumbiro changu, nekuti maAri ndimo mandinovimba. MaAri ndimo matinogara uye tichiva nehupenyu hwedu. Uye tinotenda mangwanani ano, Mwari, nekuda kwezvose zvaVanoreva kwatiri, uye ndihwo hupenyu hwedu hwakazara uye nezvatiri.

²¹ Ndinokutendai iMi nechechi diki iyi, uye nekuda kwemufundisi wayo, uye nekuda kwematirastii nemadhikoni, nhengo dzose. Uye ndinotenda nekuda kweMweya Mutsvene unovatarisa. Dai Mweya Mutsvene mukuru iwoyo waramba uchivatungamira nekuvaratidza gwara munzira dzaUngada kuti vafambe nemadziri. Ndichiverenga mumaTestamende, Yekare neItsva, uye zvakare *muZera reNicaea*, uye kuti apo hurwere pahwakarova pakati pevatsvene, chechi yose yakaenda pamwe chete, nemoyo mumwe chete vakadana kuna Mwari, uye chikumbiro chavo chakapihwa. Mumwe nemumwe wavo senhengo dzeMuviri waKristu, vachitsanya nekunamata, uye Mwari vakanzwa vakapindura munamato. Baba, dai chechi ino diki saizvozvo yakasungwa muzvisungo zverudo mumwe kune mumwe uye neMweya Mutsvene, kusvikira yazova seimwe yeavo, vekuti panenge pasina kusawirirana pakati pedu mugore iri riri kuuya. Dai pakangova nerudo rwuye rwune humwari, uye nemunhu wese achifamba munzira yaKristu, kusvikira vafambi vakawanda vakarukutika vari munzira vanozouya vachiponeswa. Dai zvikataurwa zvichinzi ukapinda pamikova

yechivakwa chidiki ichi, kuti Hupo hwaMwari hunosangana newe nekukuchingamidza kunotapira. Bvisai hurwere kubva pakati pedu, Ishe.

²² Uye tinotenda kuti tine mwoyo ine nzara yekunzwa Shoko reNyu. Rambai muchipa mwoyo yedu nzara yekuda iMi, Ishe. SaDhavhidhi wekare akati, “Senondo inotakwairira hova yemvura, mweya wangu une nyota yeNyu.” Tichifunga nezve nondo duku, mhembwe sekuidana kwataizoita zuva ranhasi, kuti inenge yabvamburwa nemhumhi, uye inenge iri kubuda ropa. Iyo iri kurasikirwa nehupenyu hwayo, saka inofanira kuwana mvura kana ichitarisira kurarama. Kana ichinge yangowana mvura, hupenyu hwayo hunodzoreredzwa. Dai tava nenyota yakadaro, Ishe, kuti tinofanirwa kuva naKristu kana tichirarama, tinofanirwa kuva naKristu kana tave Chechi yatiri kukumbira. Kana tikararama hupenyu hwatiri kuda kurarama, tinofanira kuva naKristu kana kuti tinofa.

²³ Zvino patinovhura Shoko reNyu mangwanani ano, kuti tiwane kunyaradzwa uye nematombo ekutsika, kuti zvitisededze pedyo naYe, ndinonamata, Baba, kuti Mweya Mutsvene uzare Shoko kwatiri, kuti isu, Ishe, sevaranda veNyu, tigoshongedzwa zviri nani kuti titarisane negore idzva. Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu Kristu. Amen.

²⁴ Zvino, ndichifunga mangwanani ano kuti pahwaro hwekuva gore idzva, ndakafunga kuti zvaizove zvakanaka zvichida kuti ndaizoisa parutivi Mharidzo yangu yeGore Idzva kusvikira manheru anhasi, uye ndodzokera muno mune mamwe Magwaro eSunday school, uye ndотора chidzidzo chekutura nezvacho kwechinguva, pane mumwe wemisoro yenyaya dzakakosha kwazvo dzandinoziva dziri muBhaibheri. IDzidziso iyo yakaparidzwa naShe vedu kutanga, Dzidziso yekutanga iyo yakaparidzwa naJesu, uye ndinofunga zvingave zvakanaka kuiita dzidziso yedu yekutanga kwegore.

²⁵ Zvino, kuri kutonhora here kune ani zvake wenyu, simudza ruoko rwako, uri kunzwa kutonhorwa here? Ndafunga kuti ndazvinzwa kumusoro kuno. Doc, chero kupi kwauri, ingoita sekuwedzera kudziya zvisoma, nekuti ndiri kuchinzwa kuno chichitenderera. Ndinoziva kuti makasungirwa kuchinzwa kunze uko, vamwe venyu imi vanhu, kunyanya vane vana.

²⁶ Zvino ngativhurei mumaBhaibheri edu mangwanani ano, kuVaEfeso, chitsauko 4 cheVaEfeso, uye ngatitangei kuverenga pane yechi 11, ndima 11 yechitsauko 4 cheVaEfeso. Uye zvararo tiri kuzovhura zvararo kubva ipapo, kubva ipapo, kuna Johane 3:1-12, uye toverenga nzvimbo mbiri muGwaro. Tichiverenga zvino kubva pachitsauko 4 cheVaEfeso, uye ndima 11, tichitanga:

Zvino wakapa vamwe kuti vave, vaapostora; uye vamwe, vaporofita; . . .vamwe, vavhangeri; uye vamwe, vafudzi nevadzidzisi;

Kuti vatsvene vakwaniswe, nekushanda kweshumiro, kuitira kusimbiswa kwemuviri waKristu:

Kudzamara isu tose tisvike mune . . .pahumwe hwekutenda, uye nekwezivo yeMwanakomana waMwari, kusvika pane akakwana . . . munhu akakwana, kusvika pachiyero chechimiro chakazara chaKristu:

Kuti isu kubva zvino tirege kuramba tichingova vacheche, tichizununguswa kuenda mberi nekudzoka, uye tichingotakurwa nemhepo ipi neipi yedzidziso, nekunyengera kwevanhu, namano ane hunyengeri, nazvo ivo vanovandira kuti vanyengere;

Asi kureva zvokwadi murudo, tizokura kuva maari muzvinhu zvose, anova iye musoro, kunyangwe Kristu:

Nekuti maari mutumbi wese wakabatanidzwa zvakarisingana pamwe chete uye wakasimbiswa neizvo zvinounzwa nenhengo imwe neimwe, maringe nekushanda kune kubudirira muchiyero chemutezo mumwe nemumwe, zvichiita kuti muviri uwedzere kusvika pakuzvisimbisa pachawo murudo.

²⁷ Zvino, ndaverenga izvozvo kuitira kuti zvizokupai chimwe chinhu chekunzvera kana masvika kumba. Zvino ndichaverenga chidzidzo changu kubva kuna Johane 3, Rugwaro rwunozivikanwa kwazvo:

Zvino kwaivapo nemumwe murume wavaFarise, wainzi Nikodhimo, mutongi wavaJudha:

Iye akauya kuna Jesu neusiku, akati kwaari, Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi wakabva kuna Mwari: nokuti hakuna munhu unogona kuita zvizhamiso izvozvo zvamunoita, kana Mwari asinaye.

Jesu akapindura uye akati kwaari, Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangaoni ushe hwaMwari.

Nikodhimo akati kwaari, Ko munhu ungagoberekwa seiko iye ava mukuru? ko angapindazve mudumbu ramai vake rwechipiri, akaberekwa here?

Jesu achipindura . . . akapindura, Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura uye ne . . .Mweya, haangagoni kupinda muhushe hwaMwari.

Icho chakaberekwa ne . . .nyama inyama; uye icho chakaberekwa ne . . .Mweya mweya.

Usashamiswa nokuti ndati kwauri, Unofanira kuberekwa patsva.

Mhepo inovhuvhuta ichienda painoda napo, uye iwe unonzwa ruzha rwayo, asi hauzivi uko kwainobva, kana uko kwainoenda: ndizvo zviru mumwe nomumwe uyo wakaberekwa neMweya.

Nikodhimo akati . . . akapindura akati kwaari, Zvinhu izvi zvingaitika seiko?

Jesu akapindura akati kwaari, Iwe uri mudzidzisi wavaIsraeri, uye hauzivi zvinhu izvozvi here?

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, Tinotaura izvo zvatinoziva, uye tinopupura izvo zvatakaona; asi imi hamunzwisisi kupupura kwedu.

Kana ndakakuudzai zvinhu zvepanyika, uye imi mukasatenda, ko mungagotenda seiko, kana ndichikuudzai . . . zvinhu zvokudenga?

²⁸ Zvino, Mwari varopafadze Shoko raVo. Uye ndinoda kutora chidzidzo mangwanani ano cheDzidziso yekutanga yaJesu. Dzidziso yekutanga yaJesu, yaiva yekuti: *Unofanira Kuberekwa Patsva*. Ndiyo yaiva Dzidziso yaKe yekutanga. Zvino, nenzira yeSunday school, kuitira kuti handizoparidza kusvika pakuzvishoshomadza inzwi kuitira manheru anhasi, Ndakafunga mumwoyo mangu kuti ichi ndechimwe chinhu chinoita sechisinganzwisisike, uye kuvanhu, tinonzwa zvakanwanda pamusoro pachu nguva dzose, uye ndafunga kuti chaizove chinhu chakanaka mangwanani ano kana tikangonzvera chidzidzo ichi zvizere, tozviyekesa. Uye iwayo ndiwo mavambo ekutanga: *Unofanira Kuberekwa Patsva*. Uye chakadzika kwazvo.

²⁹ Uye ti—tinoona kuti kune dudziro dzezvazvinoreva dzakawanda idzo dzinoiswa nevanhu kwazviri. Potse machechi ese anoti unofanira kuberekwa patsva, asi imwe neimwe ine dudziro yayo—yayo yakasiyana kwazviri, yezvazvinoreva kuberekwa patsva. Ndinogona kuenda kuchechi yeMethodisti mangwanani ano, ivo voti, “Tinotenda kuti unofanira kuberekwa patsva.” Unozvidudzira sei? Ndoenda kuchechi yeBaptisti, “Uye tinotenda kuti unofanira kuberekwa patsva.” Unozvidudzira sei? Uye ndaizoenda kuchechi imwe neimwe, uye ndaiwana, dai takaenda kumasangano ese mazana mapfumbamwe akasiyana-siyana emachechi, paizova nedudziro mazana mapfumbamwe dzakasiyana-siyana. Saka, tichiona kuti pane dudziro dzakawanda dzakasiyana-siyana, asi zvakanwanda iri Dzidziso yeBhaibheri, panofanira kuva, uye chiripo, Chokwadi pane imwe nzvimbo.

³⁰ Saka, zvino rangarirai, harina kuti, “Iwe unotarisirwa kuti uberekwe patsva,” asi “iwe unofanira!” Zvino, isu,

sevanhu vanotaura Chirungu, tinonzwisisa izvo izwi rokuti *unofanira* zvarinoreva, ndiko kuti, “zvirokwazvo, unofanirwa kutozviita.” Munoono, *unotofanirwa!* Kwete “unotarisirwa kudaro, unozenge uri nani kana ukadaro,” asi “iwe *unofanira* kuberekwa patsva!” Oo, dai taingokwanisa kutora izwi iroro mangwanani ano uye toripatsanura, izvo zvarinoreva, kuti izvozvo hazvikwanisike zvachose sei... Uye zvaridaro kana zvine basa zvakadaro uye zvakakura kudaro, kuti hazvikwanisike zvachose kupinda muHumambo hweKudenga, kana kutomboHuona, kusvikira waberekwa patsva, uye dudziro dzakasiyana-siyana dzakawanda kwazvo dzeizwi iroro, *kuberekwa patsva*, tinofanira kuzvitsvaga nemwoyo wedu wose, kuti tiwane kuti zvinorevei.

³¹ Hapana munhu muno anoda kuenda kunotambudzwa, hapana munhu. Uye imi hamutyaire mazana emamaira, nemumigwagwa ine chando, uye muchipedza zvinokuraramisai zvenyu, mari yenyu, kuti mungouya kucheche kuno kuzongo, zvakanaka, toti, kuzomhoresana maoko nevanhu (kunyangwe muchifarira kuzviita izvozvo), uye kuzonzwa mufudzi uye neni pachangu nevamwe vashumiri tichitaura Shoko (munozviwana izvozvo chero kupi kwamuri, vafudzi, vashumiri, sezvatakangoita, varanda vaKristu), asi pane chimwe chinhu chinokuzvuvirai kuno, uye kunzvimbo ino yakasananguka. Naizvozvo, ibasa redu isu sefafudzi, kuona kuti boka rino rawana chekudya, uye kuti rawana chekudya chakanaka, nekuti Mwari Samasimba vachavhunza ropa renyu pamaoko edu. Pazuva reKutongwa, tichakupindurirai. Saka, tichiona mutoro uyu wakakura kwazvo uyo wakaiswa patiri, uye Mwari vakatipa vanhu vanotida uye vanouya kuzotinzwa, zvaridaro tinofanira kupedza nguva yedu nguva zhinji tichitarira pamweya yenyu. Uye apo chinhu chidiki chekutanga chatinooona chichisimuka chisina kunaka, ibasa redu kuuya kune munhu iyeye, nekuti tiri vafudzi vari kutarira gwai iroro. Uye kana ndikaona gwai iroro richidya sora rinozoriuraya, zviri nani kuti ndiridzinge kubva pasora iroro; ndobvuta sora racho ipapo chaipo kubva kwariri kuitira risaende kwariri, nekuti rinozouraya gwai racho.

³² Uye kune sora rinozivikanwa kunyika dzeKumadokero iro rekuti, mhuka inokwanisa kuridya, rinonzi “locoweed.” Handizive kana paine chero munhu akambonzwa nezvaro kana kuti kwete, locoweed. Hongu. Bhiza rinokwanisa kuridya, zvino hapana chaunozokwanisa kuita naro. Iro rinobva rava rinongopengereka. Haukwanise kuisa chigaro pariri, uye hapana chaunokwanisa kuita naro. Rinonzi “locoweed.” Uye unofanira kuchengeta zvipfuyo zvako—zvako zviri kure nesora iroro. Uye kana zvichizokonzera bhiza kuti ridye chimwe chinhu, kana bhiza, waro, rinozodya chimwe chinhu chinorikandira muchinhano ichi, mukukwakuka-kwakuka uku, handiti, iwe waizonge uri mufudzi wemombe anonzwisa tsitsi zvakanyanya

kurega bhiza rako richidya sora, locoweed. Zvinotaridza kuti hauna hany'a.

³³ Uye mufudzi chaiye, muranda chaiye waKristu anozova muenzaniso unonzwisa tsitsi waKristu, kuona gwai richidya chimwe chinhu icho chinozoriita kuti ribve richienda, kana kuriita mupanduki pamberi paMwari, mutyori weShoko raKe, mutyori wemitemo yaKe. Haufanire kuita izvozvo. Unofanira kutarisa izvozvo nepedyo.

³⁴ Saka Dzidziso huru iyi yaJesu iyo yakanyorwa pano pamberi pedu, muBhaibheri, “Unofanira kuberekwa patsva.” Pane maitiro akasiyana-siyana azvo, sezvandambotaura kumashure, kusvikira, ndafunga mangwanani ano, nekuda kwevakawanda vanga vachindibvunza kuti zvinorevei uye kuti vangave Mukristu chaiye sei, zvararo ndafunga kuti zvichida kuti taizongosvika pachidzidzo chacho uye ndochichitora zvakangojeka sekuziva kwandinoita kuzvipa kwamuri. Uye izvo hazvisi munzira yemharidzo, zviri munzira yekudzidzisa Sunday school, kuti vanhu vakwanise kunzwisisa Mharidzo yacho. Zvino, dudziro dzakawanda dze “kuberekwa patsva.”

³⁵ Uye zvino ndiri kutaura izvi, uye ndinoziva kuti zviri kuenda patepi, uye ndinoda kutaura izvi kuvafundisi zvichida avo vachagamuchira tepi ino. Ndinodaira kuti zvingangosiyana zvisihoma kubva kune izvo zvinodzidziswa nechechi yemazuva ose, Ini ndinodzidzisa uye ndotenda, uye ndinotenda ndinogona kuratidza zvakanwana neMagwaro, kuti unoberekwa neMweya uye zvararo wobhabhatidzwa kupinda Mumutumbi neMweya Mutsvene.

³⁶ Zvino, vazhinji vavo vanodzidzisa kuti unongouya mberi uye wozivikanwa pamberi peungano, nezvimwe zvakadaro, semu—semutadzi, kuti unoda kugamuchira Kristu seMuponesi wako pachako, kuti ikoko ndiko Kuberekwa patsva. Vazhinji vanotenda kuti rubhabhatidzo rwemumvura ndiko Kuberekwa patsva. Uye vamwe vavo vanotenda kuti uno—unoberekwa nemvura apo paunenge wabhabhatidzwa mumvura. Uye pane maitiro akawanda akasiyana-siyana azvo. Vazhinji vavo, vakawanda vanotenda kuti kudzorora chitendwa uye nekutenda padzidziso yechechi, kungogamuchira uye woti, “Ndinotenda muchechi tsvene ye*Nhingi-nhingi*. Uye—uye ndinotenda Mwari kuti ndivo mu—Muponesi wevanhu, nezvimwe zvakadaro. Uye kubva nhasi zvichienda mberi, ini—ini ndave nhengo yechechi ino, uye ndichiyanana neMakristu.” Ivo vanotenda izvozvo kuti ndiko “kuberekwa patsva.”

³⁷ Uye kunyangwe chitendwa chavanodzokorora nemusoro, handitendi kuti tinokwanisa kuzvitsoropodza, zvimwe zvacho zvachakana uye zvitsvene, zvimwe zvacho atori Magwaro chaiwo, asi Gwaro racho harishandiswe panzvimbo chaiyo. Uye, kunyangwe kushandisa Gwaro, ndinotenda kuti Kuberekwa

patstva chimwe chinhu chinopfuura izvozvo. Kunyange hazvo zvakanaka sei izvo zvaunogona kunge uri kureva, ndinotenda chimwe chinhu kuti Kuberekwa patstva kunopfuurira zvakananyanya zvinangwa zvenyu zvakanaka uye nepfungwa dzenyu, mifungo, zvinodarika izvozvo.

³⁸ Handidi kutaure izvi kuti ndive ndinomhura, uye ini handikande chero zvipomero zvipi hazvo pasanganano ripi zvaro rechechi, asi zvakananda zvazvo zvinondifungisa nezvemu—nezvemu—muJudha, idiki...inyambo. Uye handitende kuti nyambo dzinofanira kutaurwa papurupiti, haisi nzvimbo yekutaure nyambo. Uye naizvozvo kuti ndiunze chirevo ichi chandinacho mupfungwa dzangu, hazvisi kuitirwa kuve nyambo, asi kuratidza chitaurwa cheizvo zvandinoreva. Kutu mumwe muprisita weKatorike imwe nguva akaenda kumba ne...musi weChishanu, nemumwe akanga atendeukira kuchechi yeKatorike ari mutsva. Uye uyo akanga atendeukira kuchiKatorike akanga abika hamu, zvino iye akati, “Baba, ndine hurombo, shure kwekunge kurangarira kwangu kwauya kwandiri, chino Chishanu. Asi ndinotenda kuti zvichienda rana nedzidziso yedu huru yechechi, kuti imwe nguva ndaive muJudha, uye imi mukasasa mvura inoyera pandiri uye mukandishandura kubva pakuva muJudha ndikava muKatorike. Zvino ini ndichasasa shoma yemvura imwe chete iyoyo pane hamu iyi zvino ndogadzira hove kubva pairo.” Zvino, ndiko, kutaure kuti izvozvo hazviyiite kuti ive hove. Ichiri hamu, hazvina basa kuti mvura yacho inganyepera kuva tsvene zvakadini.

³⁹ Uye zvisinei kuti tinoedza zvakadii kufunga kuti takarurama mukutaure chitendwa kana kujoina chechi, uchiri zvawakanga uri kusvikira wazvarwa patstva chaizvo neMweya waMwari. Hazvikushandure. Chitendwa chako, kujoina chechi, kana kushandura pfungwa dzako, kana zvinangwa zvako zvakanaka, kunyangwe zvakanaka sezvazvinogona kutaridzika, zvakadaro hazvina kururama. Pane chimwe chinhu chinofanira kuitika, kuberekwa patstva chiitiko, chimwe chinhu chinoitika. Saka hazvisi izvozvo zvinounza kuberekwa patstva. Zvino, machechi akasiyana, vangati, “Zvakanaka, iwe gamuchira *izvi* kana kuti tenda *izvo*, uye zvakanaka.” Asi hakuji.

⁴⁰ Zvino, chekutanga, kumbodzokera shure, chikonzero nei tichifanira kuzvarwa patstva ndechekuti Bhaibheri rinotidzidzisa kuti taive “tose takaberekerwa muzvivi, tikaumbwa mukusarurama, uye tikauya panyika pano tichitaura nhema.” Zvadaro izvozvo zvinotiratidza kuti hunhu hwedu, chekutanga, hwakazara nezvivi kutanga. Hatina kunaka, kubvira pakutanga. Saka hatigone kukambira chero chinhu chipi nehungwaru hwedu, nekuperera kwedu, *kana kuti* tiri vakuru zvakadii, kana kuti tiri vadiki zvakadii, kana kuti chero zvimmwewo zvakananda, tose pamwe chete takatsveyama,

chekutanga. Uye hapana chinhu zvachose chatinogona kuita pamusoro pazvo. Iwe haukwanise... Jesu akati, “Ndiani, pakuva nemufungo, angawedzera chimwe kuchi-... chimwe chete kuchimiro chake, chiyero chimwe chete kuchimiro chake?” Unokwanisa kutora pfungwa dzose, wova nekurota kwadzo dzose, wodziverenga, wodzinzvera, wodziongorora, nezvimwewo zvose, uye iwe haukwanise kuzvibatsira pachako napaduku pose. Saka izvozvo zvinongozvikandira kunze zvose. Ndinofara kwazvo kuti zvinodaro, nekuti dai kwaiva kuri mune imwe pfungwa yekuziva chimwe chinhu, kuchenjera, isu vanhu varombo vasina kudzidza taizosiwa kunze, zvekuti hataizova nemukana. Asi Mwari vakazvishandura, kana kuti havana kumbova nako nenzira yakadaro pamavambo. Machechi anogara achiita kuti zviome. Mwari vanoita kuti zvive nyore. Saka zvakadzikiswa pasi pane imwe nzvimbo umo tose tinokwanisa kuona, tese tinogona kuva nako. Ndekwaani naani anoda.

⁴¹ Zvino, zvino, munhu mumwe haakwanisa kuponesa mumwe. Zvino, hazvina mutsauko wazvinoita izvo zvinoedza kutaurwa nemunhu upi zvake, hapana munhu anokwanisa kuponesa mumwe. Hazvina mhosva kuti akangwara zvakadii, kuti hofisi yake yakaita sei, angave mufundisi, muprisita, mubhishopi, mukadhinari, kana papa, iye haakwanise kuva nechinhu chimwe chete chekuita kuponesa hupenyu hwemunhu upi zvake, nekuti iye mutadzi pachake, akaberekerwa muzvivi, akaumbwa mukusarurama, akauya panyika achitaura nhema. Iye morevi wenhema chekutanga, saka shoko ripi zvaro raanozotaura rinozova renhema kana rakanga richipesana neShoko raMwari uye nehurongwa hwaMwari.

⁴² Asi Mwari vakagadzira hurongwa hwekuti munhu aponeswe. Uye munhu haakwanise kuwedzera chero chinhu zvacho kuhurongwa ihwohwo. Ihwohwo hurongwa hwaMwari. Uye ndihwo hurongwa hwatiri mahuri, hwatiri kuda kunzvera mangwanani ano. Hurongwa hwaMwari ndehupi? Ivo vakati, “Regai shoko remunhu wese zvake rive nhema, raNgu rive reChokwadi.” Naizvozvo, hatizova nehushingi hwekushandura mutsara mumwe chete, kuti tiuite chimwewo chinhu. Hazvina mhosva kuti tsika dzedu nezvimwe zvakadaro zvinoverengeka sei, tinofanira kuzvikanganwa izvozvo. Iri iShoko raMwari. Hazvigone kungoitwa neimwe nzira. Mwari vane hurongwa, iVo vakagadzira hurongwa.

⁴³ Uye, rangarirai, kuchinhu chekutanga, kusvikira iwe waberekwa patsva hauzombonzwisise. Kaviri iVo vakazvita. “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva haangapinde muHumambo.” “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva haakwanise kunyange kuona Humambo.” Zvino, zvakasimbiswawo, zvakare. Shoko racho, mukuumba mashoko ose iwayo, vanondiudza kuti vaitofanira kurinyora,

ivo, uye apo pavanoti, “zvirokwazvo, zvirokwazvo,” ikoko kusimbisa, sezvakaita va—va—vara guru. “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri!” Uye shoko racho mune imwe nzvimbo, kana kuti nzvimbo dzakawanda, rinodudzirwa kunzi “zvirokwazvo.” “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri!” Ndiani akataura izvozvo, ndikadhinari, muprisita, mufundisi, muvhangeri, papa here? Mwari pachaVo! Zvino, hapana pembedzo. Iye haazokwanise nenzira ipi zvayo, kwete nenzira ipi zvachose, haakwanise neimwe nzira ipi zvayo, hazvina mhosva kuti iye mukuru zvakadini, kuti zita rake nderipi, kuti iye akakura zvakadini, kana kuti ane mukurumbira zvakadini, haakwanise zvachose kunzwisisa Humambo hwaMwari kusvikira iye aberekwa patsva. Ichi chidzidzo chakakura. “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri!” Tarirai. Endai munotora dudziro yechiGiriki, muchawana, kwete *kuona* ne “meso” ako, *unoona* ne “mwoyo” wako. Munooa, haakwanise kuona Humambo hwaMwari nemeso ako, nekuti ihwo Humambo hwepamweya. Maona? Nemamwe mashoko, “Haumbofi wakakwanisa kunzwisisa Humambo hwaMwari kusvikira waberekwa patsva.” Chose hacho ichakavanzika chakaiswa pachena. Uye kana uchinge waberekwa patsva, zvirongwa zveHumambo, Humambo pachaHwo, zvinova zvemazvirokwazvo kwauri.

⁴⁴ Kufanana nemuvaki anoda kuvaka chivakwa, kunze kwekunge achigona kuverenga purani hapana chikonzero chekuti iye aedze kuvaka chivakwa, kana asinganzwisise purani. Uye zvadaro kana achinge anzwisisa purani, ipapo anobva aziva kuti anovaka sei chivakwa. Ndiyo—ndiyo nzira yaviri. Ndizvo zvinoitika pakuvaka Humambo hwaMwari. Unofanira kunzwisisa Purani, uye hauzoziva Purani kusvikira waberekwa patsva. Uye kana uchinge waberekwa patsva zvino zvadaro woramba Purani, chii chinoitika?

⁴⁵ Mumwe musikana mudiki akanaka uyo munguva shoma yapfuura . . . Ndaimbofambidzana naamai vake pataive vadiki. Uye iye aiva mudzimai akanaka, ane runako. Zita rake anonzi Huff zvino, zita rake raimbonzi Lee asati aroorwa. Apo pandaimbofudza Milltown Baptist Church, ivo vakanga vari vekuUnited Brethren Church, asi, oo, ivo vaindida kwazvo. Uye mudzimai . . . Ndaimbofambidzana naye. Ivo vaigara kumashure uko kuseri kweHama Wright kuno. Ku . . . Uye ndaiwanzoenda kumba kwavo, uye musikana mudiki wacho aive musikana mudiki anotapira kwazvo, uye iye aive shamwari diki yechisikana kwandiri. Uye Hama Lee, murume akanaka, akatendeka kuchechi, maonero echechi yeUnited Brethren, uye humwe husiku vakandikoka kuti ndiende navo kumba uye kunogara husiku hwese. Uye ini ndikati, “Hama Marrion, ndicha—ndichafara kuita izvozvo.” Uye saka shure kwekunge shumiro yapera, zvakanaka, mu—musikana neni takapinda

mumotokari ndokuenda hedu. Uye ndakatovhura magedhi gumi nemaviri, ndinotenda, tichienda tichipotera nemudivi mechikomo, uye tichikwira, kuti tisvike paimba huru yekare yematanda. Zvakanaka, takagara muchivanze ndokumirira amai nababa, vake nemunin'ina wake, kuti vaue. Pavakauya, tose takapinda ndokuva nekudya kudiki kwemanheru husiku ihwohwo. Amai vacho vakanga vabuditsa zvimwe zvinhu kunze uye ndokubva tadya, zvino—zvino ini nababa vacho taive takarara pamwe chete muimba yepasi, pamatiresi hukuru kwazvo yakazadzwa neminhenga, uye—uye nematiresi yeuswa iri pasi payo, munoziva, kurara kwakanaka kwazvo. Iyoyo iri nani pane chero matiresi idzi dzekare dzeBeautyrest dzaunowana, ndinokutaurirai izvozvo. Uye saka isu... Amai nevasikana vaviri vakawira kuimba yekumusoro.

⁴⁶ Uye husiku ihwohwo pataive takarara ipapo, Hama Lee vakarota. Uye ivo vanga vagara vachipikisana neni pamusoro perubhabhatidzo rwemumvura nemuZita raIshe Jesu Kristu. Ivo vakanga vasingaZvitende. Uye ivo vaiva muvaki. Saka ivo vakati, “Hama Branham, ndichangobva kurota chiroto.” Zvino ivo vakati, “Ndarota ndaenda kumusoro kuNew Albany. Uye ndanga ndichivaka imba yemumwe murume, uye iye akandipa purani. Asi pandaona imwe nzira yaakacheke nayo mahwindo ake uye akagadzirisa imwe nzvimbo, Ini ndikati, ‘Izvozvo hazvina kuita zvakanaka. Hazvingagone kuve zvakanaka. Izvozvo zvinopesana. Izvozvo, izvozvo hazvina kuita zvakanaka.’ Saka ndakaivaka nenzira yandaifunga kuti yaive chaiyo. Zvino paakadzoka kubva kuFlorida, kubva kuzororo rake, ndakanga ndatovaka imba yake yatova pedyo nekupera.

⁴⁷ “Iye ndokutarisa kune imba yacho, zvino ndokuenda achibva atora purani uye ndokutarisa ipapo, ndokuti, ‘Nhai, wavaka imba yangu zvisizvo!’

“Uye ini ndikati kwaari, ‘Kwete, handina kuvaka imba yako zvisizvo.’

“‘Ko zvakadii nenzvimbo iyi yakadai-neyakadai?’

“‘Zvakanaka,’ iye akadaro, ‘izvo zvechokwadi hazvisi zveapo.’

⁴⁸ “Iye akati, ‘Iputsire pasi! Kana uchitarisira kuti ndikubhadhare, uchaivaka nenzira yakataurwa nepurani.’”

⁴⁹ Zvino vakati, “Munofungei pamusoro paizvozvo, Hama Branham?”

⁵⁰ Ini ndikati, “Pane karukova kadiki kari kuyerera zasi chaiko kwemba ino.” Zvino takaenda kwarwuri.

Ivo vakati, “Ini handidi kuzoputsiswa kupi zvako musi iwoyo.”

⁵¹ Ini ndikati, “Zvigadzirisei, zvino. Ivakei maringe nePurani!”

⁵² Zvakabhadhara sei, inongova nguva shoma yadarika mumwe wewavo...Zvadaro musikana wavo akaroorwa nemukomana akanaka, murume akanaka. Iye anoshanda nemuchina nechekuno kunoitwa basa rezvikepe, zvino mukomana wacho akange adimurwa minwe yake *kudayi*, murume akanaka. Uye vane mhuri yakaisvonaka kwazvo, vasikana vadiki vatatu, uye mumwe wavo aka...vese Makristu, uye vanoimba vari vatatu. Kana tikazomboita musangano pano vari kuuya kuzotiimbira. Uye mumwe wevasikana vadiki akadzidza zvakanyanya mumumhanzi wepiyano, uye iye aive mudzidzisi wemimhanzi yekare yakadzikama apo paakange achiri mudiki, aine makore gumi nemashanu, gumi nematanhatu ekuberekwa. Uye vana kuchikoro vaiita jee naye pamusoro pezvinhu zvakasiyana-siyana, uye nekuva Mukristu, uye zvakapinda mutsinga dzake zvikamuita kuti abatikane zvakanyanya, uye ndokurasika njere. Uye vakava naye muLouisville, uye vakanga vachizomuendesa kunzvimbo inochengeterwa vanopenga neMuvhuro waitevera. Uye vairamba, vana chiremba havainditendera kuti ndimuone. Uye ndakaendako semushanyi ndokugara padivi remubhedha nababa naamai. Zvino ndichiri ndakagara ipapo, Mweya Mutsvene wakafamba uchipinda mune, iyi, Our Lady of Peace Sanitarium muLouisville, umo mavanoisa varwere vanohuta-huta, uye kana pachine tariro kwavari. Zvadaro, kana pachisina chavanokwanisa kuvaitira, vanovatumira kuMadison, Indiana. Zvino musikana uyu akanga achizoenda kuMadison vhiki iroro, ivo...iye akanga asisabatsirike. Uye takagara ipapo, chiratidzo chakauya pamberi pedu, zvino ndokutaura kumusikana uyu nemuZita raIshe Jesu. Uye mai vacho vakandibata zvakasimba neche paibvi, ndokusveverera vakabata murume wavo ruoko, uye ndokuti, "Hazvimbobviri zvakanganisa!"

⁵³ Ini ndikati, "Regai kungozvinetsa henyu, achaita zvakana." Ndakabuda muchivakwa nekukurumidza.

⁵⁴ Husiku ihwohwo nanine o'clock, runhare rwakarira, kana kuti ndinotenda yaive nguva shoma nine isati yakwana, ndisati ndauya kuchechi husiku ihwohwo. Waiva musi weSvondo. Uye baba vacho, nemoyo wavo uchifara kwazvo, vakati, "Handina kukwanisa kuenda kumba, ndakabata nhau dzakanaka, Hama Branham." Ivo vakati, "Chiremba apinda uye akaongorora musikana wangu. Akati, 'Chii chaitika kwaari? Anokwanisa kuenda kumba mangwana.'" Apo amai vacho vakanga vakarara vari chitunha mavhiki mashoma apfuura, havano vatatu vaye vakanga vari zasi ikoko, musikana mudiki aingori akanaka sezvaigona kuva, iye nemukomana wake, zvichitapira. Oo, ndinokuudzai, Purani! Shoko raMwari Ndiro iro rinofanira kutsanangura hurongwa hwekuti tinofanira kuberekwa patsva sei.

55 Chekutanga, tinozvitora sevataadzi uye takakodzera kupihwa mhosva. Uye isu tese takaberekwa muzvivi uye takaumbwa mukusarurama, hapana kana chinhu chinogamuchirika patiri. Pfungwa dzedu dzakaipa, munhu wedu wemukati akaora, kufunga kwedu nguva dzose kwakaipa, kufunga kwese kwendangariro dzepfungwa dzemunhu kwakaipa, iye mutadzi, uye zvekare kuti mutumbi wedu hauna simba, mweya wedu hauna kunaka, uye isu takangozara nekuwora. Uye chinhu chinoora chingaunza sei chimwe chinhu chakanaka kubva mune chinoora? Regai nditaure izvi, kuti muna Jobho, chitsauko chechi 14, iye akati, “Tichiona kuti munhu akaberekwa nemudzimai, azere nekusuwa nematambudziko, zvakadaro iye anobuda seruva, anosvava.” Uye zvichienderera mberi, apo muporofita anoenderera mberi achitaura, iye akati, “Ndiani angaunza chinhu chakachena kubva pane chisina kuchena? Hapana mumwe!” Ukadzikisa mugomo wako mutsime uye woburitsa mugomo wemvura, uye haiyerere, inonhuwa; ukatarisa mairi, uye ine matope, uye netwumakonye twudiki twuri mumvura iyoyo, hapana nzira zvachose yekudzorera mugomo wako zvekare uye wowana mugomo wakachena. Tsime rese rakasvibiswa. Uye munhu wemukati wose, pfungwa pamwe nemutumbi wemunhu zvakasvibiswa nechivi. Iye akaberekwa muzvivi, panyama, akaumbwa mukusarurama, uye akauya panyika achitaura nhema, zvekuti munhu wake wemukati akasvibiswa. Hapana chakanaka! Mumwe haagoni kudzikinura mumwe, nekuti zvese zvakatsveyama. Uye haugone kutora mugomo wakazara nemvura pano, iyo yakasviba, uye nemumwe mugomo wakazara wakasviba, uye woisanganisa pamwe chete, unenge wawana kusvibiswa kwakawanda. Hapana kucheneswa kwazviri.

56 Asi Mwari vakatsunga kuponesa munhu. “Ivo vakaisa paVari kusarurama kwedu tose.” Murango we—wechivi, apo pawakaberekwa mumurango wechivi, rufu. Chivi rufu. Uye murango wakanga wakakura kwazvo zvekuti hapana kana mumwe wedu aikwanisa kubatsira mumwe, saka paifanira kuva neMumwe munhu Uyo aikwanisa kubhadhara murango uyu.

57 Ko dai, mangwanani ano, murango wekubuda mukamuri ino waive zana remabhiriyoni emadhora? Hapana kana mumwe wedu aikwanisa kubuda, nekuti hapana kana mumwe wedu akapfuma zvakadaro. Asi zvadaro kana mumwe akauya ainge akapfuma zvakakwana kutibhadharira isu tese!

58 Zvintorerera Mumwe chete. Isu hatikwanise kuzviita. Zvakatorera Mumwe chete Uyo akanga akakodzera. Oo, ndinoshuva sei kuti dai ndamira pano kwechinguva, ndodzokera kumashure ndotoro Rute naNaomi, uye ndoratidza kuti mudzikinuri wehama aidini, kuti adzikunure hupfumi hwemuchakabvu, aifanira kuva, chekutanga, akakodzera, aifanira kuva hama yepedyo. Naizvozvo, Mwari, Mweya, Jehovha, vakave Hama kwatiri, nekutora chimiro chenyama. Ivo

vakava Hama. Vaifanira kuva vakadaro. Zvadaro iVo vaifanira kuve vakakodzera. Zvino iVo ndivo Vacho aVo vakaburitsa Tsime iro rakazara neRopa, rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri. Ivo ndivo Vacho aVo vakatakura kusarurama kwedu.

⁵⁹ Mufananidzo wakanaka wandinawo pano muna Numeri. Ndine Magwaro angu akanyorwa pano pasi. Muna Numeri, mufananidzo wakanaka wazvo uri imomo, izvo, oo, zvose pamwe chete zvakanaka kana mukakwanisa kuzviona, inyoka yendarira yakasimudzwa murenje. Kuti Israeri, nyoka iyoyo kwavari yaiva kuruma kune rufu, uye pakanga pasina mushonga. Pakanga pasina chiremba pakati pavo uyo akanga aine mushonga kana kuti chinorapa. Ivo vaiva navanachiremba pakati pavo, asi kwete kuitira kurumwa kwacho. Sekungotaura kwandaita, hapana vanachiremba pakati pedu vanokwanisa kurapa chivi. Kuruma kune rufu, uye isu tose tine mhosva, tose takaumbwa mukusarurama. Isu tose tine mhosva. Asi Mwari vakaiti? Ivo vaiva nemhosva ipapo, zvadaro rufu rwaifanira kubhadharwa, murango werufu. Asi Mwari vakaita kuti Mosesi agadzire nyoka yendarira, uye oisa padanda, zvaive zvisingakwanise kuitwa nevanhu, hapana mari yavaifanira kubhadhara, hapana zvachose, hapana zvitendwa zvavaifanira kudzokorora, hapana machechi avaifanira kujoina, kwaingova “kutarisa uye worarama.” Munooni kuti zviri nyore sei? Tarisa uye worarama! Rega kujoina chechi, hapana kakutekenyedza, haufaniri kunzwa manzwiwo asinganzwisike. Ingotarisa uye worarama! Ndizvo zvoga. Zviri nyore kwazvo. Kwete kuti, “Kana uchikwanisa kurangarira yese Mirayiro Gumi, uchararama.” Kwete kuti, “Kana uchiziva mitemo yese.” Chingo, “Tarisa uye worarama.” Ndizvo zvoga zvawaifanira kuita. Uye munhu wese akatarisa paAri akararama.

⁶⁰ Jesu, paAive pano panyika, Akati, achitaura kuna Nikodhimo pano, Iye akati, “SaMosesi akasimudzwa nyoka murenje, saizvozvo Mwanakomana wemunhu anofanira kusimudzwa.” Saka anofanira! Sei? Nenzira imwe cheteyo, kuitira chinhu chimwe chete, chinangwa chimwe chete, kuita basa rimwe chete. Nguva zhinji izvi zvinovhiringa vanhu apo pavanona nyoka ichimirira Jesu. Nyoka yaimirira Jesu, mukudai, makacherechedza here kuti nyoka yakanga yakafa? Makanga musina hupenyu mairi. Jesu akafa. SaKaini, paakauraya Abheri, Abheri akafira paaritari nechibairo chake; mushure mekunge Abheri apirisa chibairo chake uye auraya chibairo chake kuitira chivi chake, zvadaro iye akafira paaritari imwe chete nechibairo chake. Kuitira kuti uberekwe patsva, unofanira kufira paaritari neChibairo chako, kungova wakafa sezvaAkanga akaita. Uye unobva waberekwa patsva. Nyoka yakanga isina hupenyu mairi.

⁶¹ Uye iwe unoti, “Sei yakanga iri yendarira?” Ndarira inomiririra kutonga, kutonga kwaMwari. Makacherechedza

here muBhaibheri, muTestamende Yekare, aritari yaigadzirwa nendarira, apo paipisirwa chibairo? Ndarira inotaura nezvekutongwa. SaEria, mumazuva ake, akaenda kunotarisa kumatenga, kuti aone kana paiva nemvura inonaya yakanga ichiuya mushure memunamato wake, uye akati, “Denga riri kutaridzika sendarira.” Chaiva chii ichocho? Kutonga kwaMwari pamusoro pevanhu vasingatendi, nyika isingatendi iyo yakanga yasiya Mwari. Kwaive kutonga kwaMwari, kunge ndarira! Uye nyoka pachayo, chimiro chayochaimiririra chivi chakatotongwa neche kare, nekuti nyoka yakatongwa mubindu reEdheni. Uye yaive, nyoka, yakatongwa.

⁶² Uye kana tikatarisa pana Kristu, unoona murango. Mumwe chete Oga, Mwari pachaVo, vakaitwa nyama. Mwari vachiyaya panyika, uye vakatora ndokuisa paVari zvivi zvedu tese, uye kutonga pamwe nehasha dzaMwari Samasimba zvakadururwa pamuviri waKe, uye ipapo wakabvarurwa pamuchinjikwa. Ndiko kutongwa chaiko. Akatsika chisviniro chehasha dzaMwari, ari ega. Ari ega, Akafamba nzira yacho. Ari ega, Akafa asina rubatsiro kubva kuNgirozi, kubva kune munhu, kubva kune Chechi yaKe, kubva kuna amai vaKe, kubva kuhama dzaKe, kubva kuna Baba vaKe; akasiwa naMwari, munhu nezvisikwa. Iye akafa, ari ega, kutiratidza kuti kunyangwe zvisikwa pachazvo hazvikwanise kutibatsira munguva yekufa. Hapana shamwari, hapana muprisita, hapana papa, hapana mufundisi. Irwo rufu. Asi pakanga paine Mumwe chete Uyo akarwutora kuitira isu.

⁶³ Hamuna hupenyu munyoka. Yaive zvirokwasvo yakaomeswa. Ndiwo waive murango. Iye akafa kusvikira nyi—nyika yakazvinyarira pachezvayo. Iye akafa kusvikira nyeredzi dzakanyara. Akatambura kusvikira zuva rakatadza kupenya. Akatambura kusvikira mwedzi wakadzima mwenje yawo. Iye akatambura kusvikira kunyangwe zvinhu zvinobatika zvepanyika zvaive zvitema kwazvo uye zvakasviba zvekuti kwakava pakati peusiku, kwakasviba kwazvo zvekuti waikwanisa kuzvanzwa. Chakanga chisiri chinhu. Hapana mumwe chete ati ambotambudzika saizvozvo kana kuti angakwanisa kutambudzika saizvozvo, hapana munhu anofa aikwanisa kupfuura nemo. Asi Iye akatambura nazvo. Mwari vakaisa paAri kusarurama kwedu tese, uye vakaisa kutonga kwaVo paAri, uye Iye akatsika chisviniro chewaini chehasha dzaMwari, ari ega, asina rubatsiro. Pakanga pasina chinhu chaizoMubatsira. Mwari vakaisa murango. Zvinhu zvese zvaive pasi murango iwoyo, uye hapana chaikwanisa kuMubatsira, nekuti tese tine mhosva. Hapana muprisita mukuru aikwanisa kunge akauya akaMubatsira. Pakanga pasina chaikwanisa kuMubatsira, hapana papa, hapana Ngirozi. Zvinhu zvese zvakamira kumashure ndokuzvitarisa. Iyoyo ndiyo yaive nguva hurusa kwazvo yakambovapo munhorondo yenyika. Akafa

kusvikira musisina kana donhwe rimwe chete rehupenyu rakasara maAri, akava senyoka yendarira, achingova mudziyo wakaoma wakaremba pamuchinjikwa.

⁶⁴ Zvino, masvikiro ekune kuberekwa uku, pane masvikiro ekwakuri. Uye kuti uve unosvika kune kuberekwa uku, iwe unofanira kupfuura nemumatanho. Zvakangofanana nechinhu chose zvacho chinorarama, chero chinhu chipi chinorarama zvekare, chinofanira kufa kutanga. Uye haugone kuchengeta mweya wako mumwe chete iwoyo. Haugone kuchengeta tsika dzako dzimwe chete idzodzo. Haugone kuchengeta pfungwa dzako dzimwe chete idzodzo. Unofanira kufa. Unofanira kufa sekufa kwaAkaita! Unofanira kufira paaritari yaKe, sezvakaitwa naAbheri negwayana rake. Unofanira kufa neGwayana rako. Unofanira kufa. Kufa pamafungiro ako, kuti uberekwe mukufunga kwaKe, worega pfungwa dzaive muna Kristu kuti dzive mauri. Unofanira kufunga pfungwa dzaKe. Uye zvino, hama, hanzvadzi, rega nditaure izvi zvakangwara sekuziva kwandinoita kuzvitauro. Ko ungafunge sei pfungwa dzaKe uye woramba Shoko raKe, uye zvakadaro wozviti wakaberekwa patsva? Ingozvibvunza pachako mubvunzo iwoyo. Ko ungazviita sei? Haukwanise. Kana wakaberekwa patsva, une pfungwa dzaKe. Kana pfungwa dzaKristu dziri mauri, zvadaro iwe uri chisikwa chitsva. Bhaibheri rinodzidzisa izvozvo. Uye kana chero hama ipi ichizoda hayo, zvakanaka, iwe wana *chisikwa* ichocho, tarisa izwi iroro rekuti *chisikwa* mu—muLexicon, uye unozoona kuti izwi rekuti *chisikwa* imomo rakadudzirwa kana kuti rakaturikirwa kunzi, “chisikwa chitsva,” nekuti uri chisikwa chimwe, munhu akaberekwa muchishuwo chekusangana kwemurume nemudzimai pano panyika, uye zvino wave chisikwa chitsva chakaberekwa neMweya. Pfungwa dzako pachako dzakafa. Dzakanyatsofa kusvikira dzanyatsooma senyoka yendarira, kana sekufa kwaAkaita apo matenga nenyika nezvinhu zvose zvakapupura kuti Akange afa.

⁶⁵ Akafa kusvikira Iye anyatsofa zvekuti Ropa raKe nemvura zvakaparadzana mumuviri waKe. Rufu rwake rwaive rwakakura kwazvo kusvikira, ndinoti, nyi—nyika yakandengendeka. Iyo yakazununguka, yakadedera kusvikira matombo akawa kubva mumakomo. Chii chaikwanisa kufa saizvozvo? Hapana papa ari kufa aizoita izvozvo, hapana mufundisi ari kufa aizoita izvozvo. Asi apo Mwari, vari munyama, pavakafa pamuchinjikwa, nyika yakandengendeka, kuziva kuti Shoko chairo raMwari rakataurwa, matombo netsvina, zvimiti uye tsvimbo nemiti zvakaremba muvhu, nenyeredzi nemwedzi, Shoko raKe chairo rakataurwa rakaona Musiki wavo achiva nyama, uye chivi chikadururirwa paAri. Hasha dzaMwari dzakadururirwa paAri kusvikira mwedzi wakadzima chiedza chawo, zuva rikadzima chiedza charo, nyika yakava nekundengendeka,

kukundikana. Ingadai yakapamuka kuita zvimedu dai rakanga risiri ramangwana kuitira isu, zvinhu zvose.

⁶⁶ Uye kana zvinhu zvinobatika zvaKe zvepanyika, pazvakatarisa, zvichiona izvo zvakanga zvichiitika, zvakazvizunguza kusvika pachinhano ichocho, ko zvinofanira kuitei kwandiri newe? Ko mweya yedu inofanira kuitei apo patinotarisa toona izvo zvatakaitirwa naMwari? Uye izvozvo zvose zvaiva kuitira iwe neni. Ko zvinofanira kuitei kwatiri? Kuenderera mberi muzvivi here? Mwari havangatenderi. Asi kurega kuita zvivi, uye wofa kuchivi. Hamuoni here zvakaitwa nechivi kwaAri? Chivi chakaMuuraya. Uye Iye akatora murango wechivi, kuitira kuti Agokwanisa kuunza kururama kwaMwari kwauri neni. Saka kana kururama kwaMwari kwauya kwatiri, chivi chinobva chafa mumitumbi yedu inofa. Oo, ndinotarira muri kuzviona.

⁶⁷ Hongu, kuti uberekwe patsva unofanira kupfuura nemuchinhano cherufu, zvinhu zvese zvinodarwo. Iwe tora tsanga yechibage, kana chibage ichocho chichitarisira kurarama zvekare, chinofanira kufa kutanga. Kana tsanga yegorosi ichitarisira kurarama zvekare, hazvikwanisike zvachose... Nekuti, chibage ichocho, gorosi iroro, ruva iroro, muti iwoyo, huswa ihwohwo, muriwo iwoyo, chinhu chese chinotarisira kurarama zvekare chinofanira kufa kutanga. Saka iwe unozozvipunyuka nepapi? Unofanira kufa kutanga. Unofanira kufa. Kufa sei? Kune zvauro pachako, kufa kuzvinhu zvese, kuitira kuti ukwanise kuberekwa patsva. Unofanira kuita izvozvo. Kana ukatadza kufa, haumbofa wakararama zvekare.

⁶⁸ Uye, tarira, waiziva here kuti zuva rega-rega chimwe chinhu chinofanira kufa kuitira kuti iwe urame? Zvino kunemi maSeventh-day Adventists vari pakati pedu, vanhu vazhinji vanoti, “Ini handingambopfura tsindi, Hama Branham. Handingambouraya nondo kana tsuro, hove, nekuti handitende kuti tinofanira kuuraya zvinhu.” Hama yangu, waizviziva here kuti miriwo nezvinhu izvo zvaunodya hupenyu zvekare? Unofanira kuzviuraya. Zvino nzira yoga yaunokwanisa kuti urame muhupenyu huno, chimwe chinhu chinofanira kufa kuti iwe ukwanise kurarama nehupenyu hwacho hwakafa. Zvino, kana chimwe chinhu chichifanira kufa kuitira kuti iwe ukwanise kurarama nehupenyu hwacho hunofa pano panyika, kurarama panyama, ko Chimwe chinhu hachaifanira kufa here kuitira kuti neHupenyu hwaCho iwe ugokwanisa kurarama zvemuna Ziendanakuenda? Ingozvivhunza muvhunzo iwoyo. Zvino Iyeye wacho aiva Kristu, nekuti hapana mumwe zvekare asingafi. Mwanakomana ega ndiye ane kusafa. Uye Iye anozvipa pachaKe kwauri nekungoMugamuchira. Zvino, zvinofanira kufa.

⁶⁹ Zvino, izvozvo hazvirevi kuti zarura peji itsva zvino, gore idzva rino. Iwe unoti, “Hama Branham, ndanga ndichiuya pano kwenguva yakareba. Ndanga ndiri nhengo yechechi.

Gore rino Idzva ndiri kuzozarura peji itsva uye ndotanga patsva.” Hazvireve izvozvo. Kwete “kuvhura peji itsva,” asi kufa chaizvoizvo uye woberekwa patsva. Maona? Unofanira kunyatsonzwa mhosva kana uchinge wamira muHupo hwaKe, zvisinei kuti unoenda nenzira yeMethodisti kana nenzira yeBaptisti, kana chero ipi nzira zvayo yaunoenda nayo, unofanira kuva uine mhosva kwazvo uye uchinzwa uine mhosva kwazvo kusvikira iwe... Zvinozokuuraya. Ndizvozvo chaizvo. Zvicha—zvichakuuraya. Hupenyu hwako hwemunyika hunozofira ipapo. Unofanira kuzviona pachako uine mhosva kwazvo muHupo hwaMwari kusvikira hupenyu hwako hwemunyika hwafira ipapo. Mu—muvhunzo wechivi unenge wapera kwauri kana uchinge wakamira muHupo hwaKe. Paunotarisa saizvozvo, une chokwadi chekurarama, nekuti unofa. Uye nzira yoga yaunokwanisa kuti urarama zvekare ndeyekuva... kufa kutanga kuitira kuti ukwanise kurarama zvakare.

⁷⁰ Zvino munoono chandiri kuuya kwachiri, hamudaro here? Uh-huh. Kuberekwa chii, kuberekwa patsva. Chekutanga, kufa, kuitira kuti uberekwe patsva. Uye kana uchine zvinhu zvemunyika mauri, hauna kuberekwa patsva. Uye ko iwe unozoviti wakaberekwa patsva sei asi uchiri nezvinhu zvemunyika zvakaremba pauri? Maona? Ungazvite sei?

⁷¹ Mukristu wechidiki rimwe zuva, boka revanhu... Handitaure kuti ivo havasi. Asi mukutarisa kune mimwe mifananidzo, madzimai eChikristu, varume veChikristu, vese murudo, vari pamwe chete, vakapfeka nhumbi dzekushambira nadzo, vachituhwina. Maona? Zvinongova... Ivo vakati, “Urwu ndirwo rudo chairwo.” Ihwohwo hutsvina chaihwo! Harwusi rudo. Rudo rwunoratidzwa zvakasiyana kubva kune izvozvo.

⁷² Mweya yedu yakaiswa nekutenda paaritari yaKe yendarira, kutonga kwaMwari, uye chibairo chedu chinotsva kusvika pakupera. Zvino rangarirai, apo Eria, pasi pematenga aya endarira, akaisa chipiriso chaMwari paaritari, chibairo chacho chakatsva chikapera. Bhaari haana kukwanisa kugamuchira chipiriso chake. Handidi kutaura izvi, asi ndinofanira kuzvitaure. Zvino apo paunoenda kucheche uye wogamuchira zvitendwa zvavo nemhando dzavo dzerubhabhatidzo, uye nechipiriso icho chaunofungidzira pachako kuisa ipapo, unogona kusimuka uchidedera, uchitaura nendimi, uchimhanya kwese-kwese nepasi, kana kuti ungangosimuka uchichema, asi, kana chipiriso ichocho chagamuchirwa naMwari, chinotsva chose; nyika inenge yafa kwauri. Wakatofa, nekuti isu tinozviona pachedu takafa tikavigwa. Isu takafa uye taka... Takavigwa muna Kristu. Kuvigwa muna Kristu! Uye, kunze kwaizvozvo, zvadaro—zvadaro shure kwekunge tafa nekuvigwa uye tavanzwa muna Kristu, zvadaro tinobva tasimbiswa neMweya Mutsvene.

⁷³ Munoono zvandiri kureva zvino? Iwe wakafa. Mweya yedu yakaiswa pakutonga kwaKe kwaMwari. Ndiyo ndarira. Kana mweya yedu yaiswa paaritari yekutonga kwaMwari, murango wacho waiva chii? Rufu. Uye apo paunozviradzika pachako paaritari yaMwari, iyo inova rufu rwakataurwa kune mutadzi, ko ungasimuke sei kubva ipapo, uri mupenyu muzvivi, kana Mwari vakagamuchira chibairo? Zvajeka zvino here? Iwe unofa! Iwe chaizvo unenge watswa uchiperera, uye unenge washandurwa. Hapisina chinenge chasara kwauri kunze kwechimiro chete icho chawakamira machiri, senyoka yendarira, sezvaiva Kristu pavakaMutora akafa uye atonhora kubva pamuchinjikwa. Iwe wakafa! Nemhaka yei? Iwe uri paaritari yaMwari yekutonga. Kutonga kwaKe ndekupi? Kana Mutongi achinge apa mutongo waKe, ko murango wemutongo waKe ndeupi? Rufu. Uye paunoisa mweya wako paaritari yaKe yekutonga, rufu kwauri. Zvino mazvibata here?

⁷⁴ Oo, unogona kusimuka kubva ipapo uye woita chero chimwe chinhu, unogona kutamba muMweya, unogona kuchema se—sezvaizoitwa nemunhu upi zvake, unogona kumhanya uchikwira nekudzika uri pasi, unogona kujoinha chechi dzese, unogona kuita chero chaunoda kuita, (ndiri kutaura nemaPentekosti zvino), uye wotonyatsoenda hako kunze uko wosvibisa mudzimai wemumwe murume, woputsa imba yemumwe murume, vamwe venyu imi madzimai. Munonyatsodzokera henyu zvisinei nokuti Shoko rinouya kwamuri zvakadini kuti multe zvakanaka uye nezvinhu, imi hamuzoRicherechedzi. Hamumbofi makarega vhudzi renyu kuti rikure, madzimai, kana izvozvo. Hamumbofi makapfeka zvakanaka. Imi muchange muchinge makangofanana chaizvo nenyika, nekuti hamuna kufa kune nyika nazvino, muri vapenyu pamwe nayo.

⁷⁵ Vamwe venyu imi varume hamumbofi makarega kunwa, kuputa. Hamumbofi makarega kuchiva madzimai akaipa anopfeka zvisina hunhu, apo pamunoaona mumugwagwa, pachinzvimbo chekutendeutsa musana wako, wofamba uchienda. Uchangoramba uchichiva uchienda mberi zvakangodaro. Nemhaka yei? Uchiri mupenyu pamwe nenyika nazvino. Asi kana chipiriso ichocho chichinge chagamuchirwa, unenge wafa. Ndizvozvo chaizvo. Munonzwa zvandiri kureva here? Munonzwisisa zvandiri kutaura nezvazvo here?

⁷⁶ Zvino, mweya wako wakaiswa paaritari iyoyo yekutonga kwaMwari kwendarira, zvararo Mwari vanobva vagamuchira chipi-...Zvino, zvinoratidza kuti hausati waKugamuchira nazvino, kana zvikadaro...Kana—kana uchiri mupenyu munyika, Mwari havana kumbobvira vachitora. Zvino, imi vanhu munotaura pamusoro pekuwana Mweya Mutsvene uye kuti munofanira kumirira kwenguva yakareba kwazvo, hezvoka izvo. Kusvikira Mwari vagamuchira chipiriso ichocho, kusvikira icho chaiswa pamitongo yaKe ipapo, kusvikira kutonga kwaKe

kwanyatsouraya pfungwa dzako! Iwe unokwanisa kutaura kuti, “Saka, ndichavhura peji itsva.” Izvozvo handizvo. “Zvakana, ndinoziva kuti ndaimbosvuta, ndave kuzorega kusvuta.” Izvozvo kunyangwe handizvo. Kusvikira Mwari vagamuchira chibairo ichocho paaritari yaVo yendarira, aritari yaVo mutongo. Mutongo waVo chii? Rufu. Ndiwo murango.

⁷⁷ “Mweya unotadza,” zvinoramba zviriri zvokuti, “uchafa.” Handina hanyin’ a kuti chii chawakaita.

⁷⁸ Jesu akati, “Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro, uye vachiti, ‘Ishe, handina here kuita *izvi* uye ndikaita *izvo*?’ Iye anoti, ‘Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama.’” Maona?

⁷⁹ Kana chipiriso ichocho chichinge chagamuchirwa nemoto, uye chinokwira kumusoro *zvakadai*, uye utsi hwunokwira kumusoro, iwe unokwira nechipiriso chako kuenda kumatenga, uye unenge wasimbiswa kubva kuzvinhu zvenyika ipapo. Mweya wedu uri paaritari yaKe.

⁸⁰ Chii chaunoiwa zvino, mushure mekunge wafa, zvadaro chii chaunofanira kuita? Ipapo iwe unoubwira patsva. Iwe unoubwira patsva. Pakutanga wakaumbwa mukusarurama. Zvino waumbwa mune chimwe chinhu chitsva. Chinombova chii? Shoko rinorarama. Amen. Oo, ndizvo zvinozvishandura zvino, hazvidaro here? Zvino, isu tapfuura nemukurwisa, mushure mekuona izvo zvaunofanira kuita. Zvino chii chinoitika? Iwe unoubwira patsva, muShoko rinorarama. Chinombova chii? Shoko rinova benyu mauri. Unotanga kuona zvinhu zvakasiyana. Paya pawakambenge usingakwanise kuzviona izvozvo, zvino wave kuzviona. Pane chimwe chinhu chakasiyana zvino. Chinoita kuti Magwaro ose auye pamwe chete. Chinoita kuti zvinhu zvose zvipindirane zvakangonaka. Zvadaro, zvino—zvino chimwe chinhu chava kutanga kuitika. Zvino, unofa kune kufunga kwako, zvino unenge waumbwa, nekuti tinoshambwa nemvura yeShoko. Ndizvozvo here?

⁸¹ Chii chaunoiwa nemwana kana achinge angoberekwa? Unomugeza. Ndizvozvo here? Kana munhu achinge angofa kune zvaari, aberekwa naMwari, anogezwa nemvura dzeShoko. Amen. Kana Rikati, “Zita raJesu,” iwe unoti, “Zita raJesu”; rikati, “Unofanira kuberekwa patsva,” iwe unotaura chinhu chimwe chete. Chero chipi icho Mwari vanotaura, iwe wakagezwa nemvura iyoyo yeShoko. Amen.

⁸² Zvino, unenge wagadzirira zvino kuve nehupenyu. Wagadzirira kuva... kuchitanga zvino. Zvino waberekwa patsva, waberekwa mumhuri yaMwari, nemubereki mutsva. Hongu, changamire. Vadzidzisi vako vaimbova... Zvino wava nevadzidzisi varipo iko zvino, wava neMubereki mutsva. Haukwanise kuberekwa usina mubereki. Saka kana wakaberekwa muhukama hwechечи, ndizvo zvaunova nazvo. Kana wakaberekwa muchitendwa, hezvoka izvo. Asi kana

wakaberekwa muna Mwari, wakaumbwa muShoko raKe, une Mubereki mutsva, anova Mwari, akagadzirira kuita kuti Shoko raKe rizivikanwe pakati, newe, oRitaura kuburikidza newe. Oo, Mubereki mutsva, Mubereki iyeye ndiMwari. Iye akagadzirira zvino kutora Shoko raKe iro raAkataura nechekare, uye oRiisa mauri uye oRiita kuti rive nehupenyu. Maona? Zvino unenge wava nekudzidziswa kwako zvino. Wagadzirira, wagadzirira kuti udzidziswa zvino, kudzidziswa kwemwana. Ndicho chikamu chakaoma, apo paunofunga kuti unofanira kuita *ichi*, zvino Shoko rokutendeutsa uye rokuratidza chimwewo chinhu. “Handiti, ivo vanotenda kuti kudarika...” Izvozvo hazvina kana mutsauko wazvinoita izvo zvavanotenda. Izvi ndizvo zvakataurwa naMwari! Iwe unofanira kunge uri pabasa raBaba. Zvino wava kuberekwa patsva. Zvino wava kunge wakarurama, wava kunge wakaswatanuka. Iwe wava neMubereki mutsva.

⁸³ Saka, kuri kuti kana wakaberekwa patsva uye une Mubereki mutsva, zvararo wava nehunhu hutsva. Hunhu hwakare hwafa, uye wava nehunhu hutsva. Wakambenge uchienda neimwe nzira, zvino wava kuenda neimwewo nzira. Wakambenge uchienda nenzira *iyi*, zasi, zvino wava kuenda nenzira *iyi*, kumusoro. Zvido zvako zvakateiwa kune zvinhu zvekumusoro. Zvido zvitsva! Iwe hauchadi zvinhu zvemunyika zvachose, zvido zvako zvava zvaMwari. Hauna hanyin’ a kuti vanhu vanoti kudii, kuti vanokuseka sei uye vachiti iwe uri “wembiri yekare,” kana chero zvazviri saizvozvo, iwe hauna hanyin’ a, nekuti wakaberekwa kubva kumusoro uye zvido zvako zvakateiwa—zvakateiwa pazvinhu zvekumusoro. Mwari havanyari newe uye iwe haunyari naVo. Ndizvozvo. Saka waka... Verengai chitsauko 11 cheVaHebheru ipo pano. Ndinazvo zvakanorwa pasi. Kungoti sei, vaidini, vanhu muzuva iroro, kuti vakazviita sei. Kutu ivo vaidzengerera sei vakapfeka matehwe emakwai, mumagwenga, uye vasina kana chinhu, nezvimwe zvese, avo nyika haina kana kuvakodzera. Maona? Zviverengei, zvinozokuitirai zvakanaka. Uye unokwanisa kuona ipapo, kuti vanhu vakadii kana hunhu hwavo hwashandurwa, chii chinoitika.

⁸⁴ Zvino, “Imhandoi yehunhu yamunayo zvino, Hama Branham?” Hunhu hwake. Dai ndanga ndine hunhu hwababa vangu, ipapo ndaizoita zvinhu izvo zvaitwa nababa vangu. Asi zvino nekuti ndakaberekwa patsva, zvinoenderana nekuti baba vangu vaive ani. Kana wakangoberekwa muचेचे, una baba vekucheche, uye unokwanisa kuvadana kuti “baba” kana uchida. Unovadana chero zvipi zvaunoda, nekuti ndivo baba vako. Asi kana Baba vako vari Mwari, uye wakaberekwa mumhuri yaMwari, iwe unotsvaga zvinhu izvo zviri zvaMwari. Ndizvozvo. Zvararo uri mwana waMwari. Hunhu hwako hunhu hwaMwari. Zvararo apo vamwe, oo, unovanzwa, vamwe vanoti, “Oo, chechi yedu inotenda kuti mazuva ezvishamiso akapfuura.” Ko

ungakwanisa kutenda sei kuti mazuva ezvishamiso akapfuura kana hunhu chaihwo hwaMwari huri mauri? Apo iVo muna zvose zvavari chishamiso? Hunhu hwaVo chishamiso, tsika yaVo chishamiso, muumbwa wezvose zvaVari chishamiso. Ko iwe ungava chimwewo chinhu sei asi chishamiso? Kuberekwa kwako patsva chishamiso. Ihwo Hupenyu hwako hutsva chishamiso. Kunyangwe hunhu hwako chishamiso. Kuti unokwanisa kutarisa kumashure uye woti, “Zvinhu zviya zvakafa. *Uhwu* ndihwo hwakarurama.” Maona? Wava chisikwa chitsva, kusikwa kutsva. Chokwadi.

⁸⁵ [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Uye apo pakaberekwa vana vese vaive huku kunze kwemumwe chete. Iye aive chapungu. Aiva muchinda mudiki asinganzwisisike. Iye akanga akasiyana zvachose, asi, munoona, akaberekerwa mune imwe mhando. Mbe—mbe—mbeu nezai zvaive zvakasiyana, zvakagadzira imwe shiri yakasiyana. Zvechokwadi iye aitaridzika zvinoshamisa, aizvibata nenzira inosetsa kune vamwe vose, asi iye akanga—iye akanga achingozvibata sekusikwa kwake, nekuti haaikwanisa kuita chimwe chinhu zvekare, nekuti iye—iye aiva chapungu. Hunhu hwake—hwake hwaiva chapungu, saka ndizvo zvoga zvaaikwanisa kuva aiva chapungu. Asi kune vakawanda vavo kunze uko mumasangano aya, ivo chaizvoizvo zvapungu, asi hazvingotaridzike zvakanaka kuvaona vakarara vachizorora mumatope uye nemuzvinhu zvenyika. Maona? Ndzivo, ivo ibasa redu, kuenda kunovatora.

⁸⁶ Rimwe zuva mai chapungu vekare vakauya, uye munofunga kuti huku iyoyo yaikwanisa kuramba yakachichengeta chiri pasi here? Hazvina basa kuti iyo yakakekedza zvakadini, zvakanaka sei, iyo yakati, “Huya pano, mudiwa. Ndawana chimwe chinhu pano chaipo, huya.” Oo, ini zvangu! Zvido zvacho zvaive pazvinhu zvekumusoro, uye icho chakaenda kunosangana nacho. Hapasisina zvachose zvemasangano kwachiri. Haukwanise kuchidana kubva kwaRiri.

⁸⁷ Munhu akaberekwa naMwari, haukwanise kumudana kuti adzoke mutsvina yakawora yechivi zvachose. Iye akafa, uye akaberekwa patsva. Iye ava chisikwa chitsva. Ava nehunhu hweChapungu. Iye anofanira kuenda kumatenga uye obhururuka. Anofanira kuenda kumusoro uko kuna Mai vake, Mubereki wake.

⁸⁸ Uye ndiyo nzira iyo iwe. . . munhu anotenda, anoyedza, “Oo, huya ujoine chechi yedu. Zvino, izvozvo kupengereka. Zu—zu—zuva. . .”

⁸⁹ Zvino, kana chapungu chidiki ichocho chinokwanisa kunge chakamira kunze uko zvino chikanzwa mai ivavo vachichema, uye chikatarisa kwese-kwese chikati, “Ndekupi?” Pano, zvichida ivo vakachema seizvi kune chapungu chidiki, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

⁹⁰ Uye amai ndokuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura, ku, ku, ku, ku. Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro! Ikoko kupengereka!” Oo, ini zvangu!

⁹¹ Handiti, hawaigona kuchibata zvachose. Ndiri kungochinzwa chichiti, “Amai, ko ndingasvike sei kumusoro ikoko?”

⁹² “Ingofambisa mapapiro ako, mudiwa. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Uri chapungu. Ingofamba nekutenda.”

“Ko zvichaitika sei, Amai?”

⁹³ “Handizive. Ingoramba uchifamba.” Heuno achiuya. Kufambisa mapapiro ake kwekutanga kushoma, akamhara pabango refenzi. Akakwira kusvika ipapo, zvakadaro. Amai vakati, “Ingoramba uchiuya, ndinozokubata.” Ndizvozvo.

⁹⁴ Hunhu hutsva, munhu mutsva, chisikwa chitsva, hunhu hwaBaba vako. Uye iwe unotenda pamwe nekuda Shoko rese iro raVakataura. Shoko remunhu wese ndere nhema, rinopesana neShoko rino. Iri iShoko raMwari. Maona? Bhaibheri rakarurama. Handina hanyin’ a kuti chechi inotaura kuti kudii, Bhaibheri richiri rakarurama, kwauri, nekuti hunhu hwako hwakashandurwa. Zvino, kana iwe una ba—baba vekucheche, uchatenda muna baba vekucheche ivavo. Asi kana una Baba Mwari, uchatenda muShoko raMwari. Kana una baba muchechi, uchatenda ivavo nekuti uri wehunhu hwavo, ndivo baba vako. Asi kana Baba vako vari Mwari, zvadaro iwe uchatenda Shoko raMwari. Kana uri chechi, iwe ucha—iwe uchatenda shoko ravo, uchatenda shoko rechechi, uchava izvo zvinotaurwa nechechi. Asi kana wakaberekwa patsva, ipapo uchatenda izvo zvinotaurwa naMwari, nekuti Mwari ndivo Baba vako; kwete nyika kana zvitendwa zvechechi.

⁹⁵ Zvinondirangaridza. Rimwe zuva ivo, muchi—muchivanze, vakati vaiva nedhadha iro raitevera dzimwe huku. Zvino dha—dhadha, munoziva, raiva kamuchinda kadiki kanosetsa kune huku idzodzo. Iro rakaita sekukura neche kumusoro, munoziva, uye nemuromo wakakura, munoziva. Asi kuti, iro richiva nechekumusoro kwakakura, iro—iro raiva nemuromo iwoyo wakakura ipapo nekuda kwechimwe chinangwa. Uye ndiyo nzira ndinofungidzira kuti dzimwe nguva Mukristu anotaridzika sekudaro zvishoma, kungopengereka zvishoma, asi—asi izvozvo zviripo nechinangwa. Maona? Saka, iro, raitaridzika zvinosetsa chero bedzi iro rakanga richimhanya—mhanya nehuku, uye iro raikwanisa. . . magari kuni nezvimwe, izvo—izvo—izvo zvaiva nemuromo wakaita mudiki zvishoma, uye idzo, uye apo zvinhu zvadzaaita, uye dzakanga dzisina kuumbwa sedhadha iroro. Rimwe zuva amai vakaritungamirira, neboka rehuku pamwe naro, kunze kuseri. Iro raigara riri kumashure—shure, munoziva, zvakaita saizvozvo. Rakanga

risingatombotaura saidzo. Mutauro waro wakanga wakasiyana. Zvakange zvisinganzwisisane.

⁹⁶ Ndiyo nzira imwe neMukristu kana achinge aberekwa patsva, munoona. Iro rakabuda muzai rakasiyana, ndizvo zvoga. Maona? Zvichida iro rine... ndinotenda kune akawanda ano kunze kuno mumachechi aya emasangano, anova madhadha echokwadi, asi iwo ane mutungamiriri ari huku. Ndizvozvo chaizvo. Saka iwo haaRiwani. Izvozvo zvinonzwika sekutaura kusina kuremekedza. Handirevi kuti zvive zvakadaro, asi ndiri kuedza kutaura zvine basa.

⁹⁷ Rimwe zuva yakaritungamirira neche kure zvisihoma seri kwechikwere. Kwaiva nemvura yayiyerera ichidzika seri kwechikwere. Hongu. Chimwe chitubu chaibuda, kahova. Uye iro rakanga richienda ikoko richitsvaka kunzwisisa kuti zvinombovei zvose izvi, munoziva, richitevera huku pamwe nayo. Uye, hongu, iro rakanga risingafarire zvekudya izvo zvadzaidya, zvakanga zvisingataridzike zvakana kwariri. Zvinhu izvi zvekare izvo zvadzinoita, zvakanga zvisingataridzike zvakana. Saka shure kwekanguva zvakaitika kuti iro rakafemedza. “Izvozvo zvanhuwira zvakanganaka. Ko zvakava nekupi?” Oo, mhengo shoma iyo yeKudenga, hummm! Bata mweya mushoma uyo wechimwe chinhu icho chiri kuvandudza, mharidzo inoenderana newe, iyo inorova ichidzika mukati, unonzwa Shoko richibatirira pachaRo. Hummm, mushana weKudenga! Iro rakafunga, “Oo, pane chimwe chinhu, kufemhedza kuya kwandawana, kunoenderana nemasikirwo angu.” Iro rakaifema zvekare. “Iri kune imwe nzvimbo. Zvino, haukwandise kundiudza; iri pane imwe nzvimbo. Ndinoziva kuti kune chimwe chinhu kune imwe nzvimbo icho chandiri chikamu chacho,” kwete kune chitendwa ichi. Maona? Munoziva zvandinoreva here? Iro rakanhuhwidza mvura, uye hunhu hwaro raiva dhadha, saka dhadha nemvura zvinongoenderana pamwe chete. Ndiyo nzira iyo mutendi naMwari vanoenderana pamwe chete. Zvakanyatsonanga iro rakawana mumwe munhuwi wayo wakakura, uchiva nesimba rakawedzerwa. Mushure mechinguva mhengo yakatanga kuvhuvhuta. SeMhengo huru, inovhuvhuta, munoziva. Yakatanga kuvhuvhuta ichitakura mhengo kubva mumvura, ichiuya kwariri. Rakanga risingachakwanise kuramba rakamirira zvakare. Rakaenda zasi richidzika mhiri kwechikomo, wabhu, wabhu, wabhu, wabhu, richingo, munoziva, richienda, “Honku-honku, honku-honku, honku-honku.” Muromo mudiki iwoyo wakasimudzwa mudenga, munoziva. Iro rakanhuhwidza mvura!

⁹⁸ Huku iya yekare ikati, “Iwe mupengereki, dzoka kuno!” Hazvichisina basa zvachose; rakanga ratonhuhwidza mvura. Rakanga riri munzira yaro kuenda kumvura!

⁹⁹ “Pane tsime rakazara neRopa, rakatorwa kubva mutsinga yaEmanueri, umo vatadzi vakasvetukira pasi pefashama uye vanorasikirwa nemakwapa avo ose ekudarika.” Mukristu chaiye haadi kuva nechekuita nyenika. Havadi kugara pano zvisina tsarukano uye vasingazive kuti vari kupi, uye nhasi vari muMethodisti uye mangwana vari muBaptisti, nemuPresbyteriani nemuPentekosti, nezvimwe zvakadaro. Oo, hama, izvozvo zvinosiririsa! Mukristu chaiye anoda kuwana kufefetera kweMweya, kufefetera kwaMwari muhupenyu hwake, chimwe chinhu chinomuita chisikwa chitsva. Ipapo paanongokwanisa kuwana pekubuda napo, anozotyaira kudarika nemunzvimbo dzine chando kana chero chinhu chipi zvacho kuti asvike kwairi. Hutu anobva aenda, nekuti iye idhadha kutanga kwacho. Hongu. Kwete chitendwa, kwete, kwete, kwete, kwete.

¹⁰⁰ Uye kana iwe uchiri kuda zvinhu zvemunyika, wakanyengereka, chipiriso chako hachina kugamuchirwa nazvino, hunhu hwako hauna kushandurwa. Zvino unoziva here kuti zvinorevei kuberekwa patsva? Unoona, hunhu hwako hwashandurwa, unobva wava chisikwa chitsva. Unofanira kufa kutanga, uye zvadaro wozvarwa patsva. Ndinoziva kuti inguva yekuti ndivhare, asi chingondipai maminitisi mashoma, ndichamhanya nezvinyorwa izvi nekukurumidza chaiko, munooona, munooona. Kana uchiri kuda nyika, uye uchitaura kuti wakaberekwa patsva, hazvinei nekuti chii chawakaita. . . Unokwanisa kunge wakachema, unokwanisa kunge wakava nechando chakamhanya chichipfuura nemauri. Izvozvo zvakanaka, handina chandinopesana nazvo. Makristu vanochema uye vachiva nechando chinomhanya chichipfuura nemavari. Uye iwe unoti, “Hama Branham, ndakataura nendimi kungo. . .” Izvozvo zvinokwanisa kunge zvakanaka, uye izvozvo zvinokwanisa kunge zvakatongonakisa.

¹⁰¹ Ndakatarisa kune mudzimai mudiki iye zvino uyo akauya kwandiri kwete nguva refu yapfuura nechiratidzo kana kuti chiroto chaakava nacho, uye ini ndakawana dudziro yacho. Zvakadaro, zvinoitika sekuoma kuenda kunotaurira mudzimai mudiki iyeye wemuparidzi wechiPentekosti kuti akanga asina Mweya Mutsvene, uh-huh, asi iye akanga asina. Asi zvadaro iye akazoUgamuchira, munooona.

¹⁰² Hongu, zvakasiyana, munooona. Hongu, hakusi kutaura nendimi, hakusi kutamba muMweya. Hapana kana chimwe chezvinhu izvozvo paunokwanisa kuKuisa. Rufu uye neKuberekwa, hunhu hwashandurwa, mazvibatiro ashandurwa. Zvinhu zvakare zvafa, zvinhu zvitsva zvava zvitsva; nyika yafa uye Mwari vava mutsva. Mwari ndivo Hupenyu hwako, uye nyika yafa kwauri. Zvino mazvibata here? Zvakanaka.

¹⁰³ Zvino teererai. Ndiri kuzongofanirwa kucheka zvisihoma pano, munoziva, kuita kuti rukato rwubve munzira. Madzimai

nevarume vasingazoteveri Shoko raMwari neDzidziso yaKe mushure mekunge vataura kuti vakaberekwa patsva, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Ndiri kuzotaura nemadzimai kwechinguva. Kana mudzimai uyo anoziva kuti Shoko raMwari rinopomera vhudzi rakagerwa nekupfeka zvikabudura, kupfeka midhebhe, kupfeka zvisina hunhu, uye usina hunhu hwakakwana hwekurega vhudzi rako kuti rikure uye wopfeka mbatya dzinotaridzika seMukristu, wakanyengereka. Handina hany'n'a kuti wakapfuura mune zvakadini. Unokwanisa kunge wakataura nendimi sekudurura nyemba padehwe remombe rakaoma. Unokwanisa kunge, unokwanisa kunge wakatamba muMweya kusvikira wazunguza chivakwa chose. Izvozvo hazvinei nechinhu chimwe chete chekuita nazvo. Zvinotaridza kuti rudo rwenyika rwuchiri mauri. Apo Mwari vanozvipomera izvozvo! Ivo vakati, "Hazvina...Mudzimai anofanira kuva nevhudzi rake rakareba. Uye masikirwo pachawo anokudzidzisa kuti murume anofanira kuva nevhudzi pfupi, nekuti Mwari vari pamusoro pemurume, uye murume ari pamusoro pemudzimai." Zvino kana mudzimai akagura vhudzi rake, iye anozvidza musoro wake, anova murume wake. Kana murume akarega vhudzi rake richikura, zvararo iye anozvidza musoro wake, anova Kristu. Maona? "Regai madzimai enyu azvishongedze pachawo nezvipfeko zvakadzikama," zvachachena, zvakaaita sezvemadzimai. Maona?

¹⁰⁴ Uye zvararo musina hunhu hwakanaka hwekuita izvozvo, isu toti, "Kubwinya kuna Mwari! Hareruya! Ndakataura nendimi. Hareruya! Kubwinya kuna Mwari!" Ndzivo zvinoratidza kuti mweya iwoyo uri imomo wakatsveyama. Unozogamuchira Shoko nguva dzose kana huri hunhu hweShoko. Uye Shoko inyama, uye Shoko rakanga riri Mwari, uye Shoko ndiMwari; uye Shoko riri mauri, rinokuita kuti uve mwanakomana kana mwanasikana waMwari, mwana waKe, uchitenda Shoko raKe.

¹⁰⁵ "Ini handitendi muZita iroro rekare raIshe Jesu, kuti ndibhabhatidzwe mariri. Hareruya! Handina hany'n'a kuti unoedza kuzvitsanangura zvakadini, ini ndinotenda mufudzi wangu." Enderera mberi, ndivo baba vako. Asi kana Mwari vari Baba vako, iwe uchava mugwara reShoko raMwari.

¹⁰⁶ Muparidzi: "Vazhinji vachauya kwaNdiri zuva iroro, uye voti, 'Ishe, ko handina here kudzinga madhimoni muZita reNyu?' Vaparidzi. 'Handina kuita mabasa mazhinji makuru here?' Vavhangeri vari mumunda. 'Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama,'" vana vehupombwe. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁷ Kana wakaberekwa naMwari, wakagezwa mumvura dzeShoko, wakapatsanurwa kubva kuzvinhu zvemunyika, uye uchitenda Mwari. Iwe wakafa. Wakafa kune mafungiro ako pachako, wakafa kune pfungwa dzako pachako, wakafa kune zvimwe zvinhu zvese kunze kweShoko raMwari; uye

Iro rinorarama mauri, richishandazve kuburikidza nemauri, richiratidza kuti iShoko raMwari. Iwe unoti, “Ini ndakafa kune nyi- . . .Ndakafa kune nyika, Hama Branham.” Uye woramba Shoko raMwari?

¹⁰⁸ Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino tava kusvika pane kuti “kuberekwa patsva” zvinorevei. Maona?

¹⁰⁹ Uchingori nehasha, uchiri kunyima, wakasindimara. Mumwe munhu akataura chimwe chinhu pamusoro pako, unosimuka ipapo chaipo wakatogadzirira kurwa. Uye zvadaro, wakaberekwa neMweya waMwari here? Kwete. Mweya waMwari hauite sezvakadaro. Kwete. Mweya waMwari wakazvininipisa, wakapfava, unotapira, unotsungirira. Ndivo Mwari, vanoda, vane mutsa, vanoregerera, ndiwo Mweya waMwari. Oo, hongu.

¹¹⁰ Asi vachabatirira kusangano iro ro uye votaura nendimi, voporofita, voita nhando dzese dzemabasa. Jesu akati ivo vaizozviita. “Vaine chimiro chehumwari.” Vakabatirira kusangano nekuti ndiro baba vavo. Ivo vakaberekwa muna baba ivavo vesangano. Asi kana wakaberekwa naMwari, *iRi* ndiro Baba vako, Ivo iShoko, Shoko. Hazvina nebasa kuti une kutekenyedzwa kwakawanda zvakadii, uchiri mwana waSatani kusvikira wava wakafa kune nyika uye wova mupenyu muna Kristu. Teerera, nekukasika zvino.

¹¹¹ Munhu wemukati, akanaka kana akaipa, rufu harwumushandure. Ndanga ndine Magwaro akawanda akanyorwa pasi pano pane ichi andanga ndichida kutaura nezvawo, “kuti munhu wemukati chii.” Munhu wemukati chii? Ndiwe. Iwe uri munhu wemukati. Chikamu chiri mukati mako. Uye apo paunofa, chero chimiro chipi munhu wemukati iyeye chaanenge ari machiri, ndiyo nzira yaanoenda nayo. Anoenda kumagumo ake. Hawaikwanisa kumudhonza zvisinei nokuti waizomuitira zvakawanda zvakadini, munhu wemukati iyeye anofanira kushandurwa pano, oberekwa patsva.

Iwe unoti, “Ko zvakadii neMweya Mutsvene, Hama Branham?”

¹¹² Mweya Mutsvene unokubhabhatidza kupinda Mumutumbi, kuitira basa, asi unotenda kusvikira kuHupenyu Husingaperi. “Uyo anonzwa maShoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, *ane* Hupenyu Husingaperi.” Maona? Zvadaro unobva wabhabhatidzwa neMweya Mutsvene kupinda Mumutumbi, kuitira kuratidzwa kwezvipo, nezvimwe zvakadaro, asi iwe unotenda kusvika kuHupenyu Husingaperi. Uyo anotenda ane Hupenyu Husingaperi. Uye apo paunotenda ndipo apo paunenge wafa, uye waberekwa, wavandudzwa, chisikwa chitsva. Zvakawanda.

¹¹³ Munhu wemukati, zvino rangarirai, akanaka kana akaipa, rufu harwuna chimwe chete chekuita naye. Rufu

rwunongomutora kumuendesa kumagumo ake. Mazvinzwa here? Uye kana uchine nyika uye nerudo rwenyika rwuri mauri, ichafa newe, nekuti nyika inofanira kufa. Mwari vakatuka nyika, ndihwo hurongwa hwenyika. Mwari vakaituka uye inofanira kufa. Uye kana nyika iyoyo iri mauri, uchafa pamwe nenyika iyoyo. Ini zvangu, handioni kuti zvingajeka kupfuura ipapa sei. Maona? Uye kana akanaka, akaberekwa naMwari, iye anofanira kuenda kuna Mwari. Kana iye ari wenyika, acharamba aripo kuti aparare nenyika. Kana ari waMwari, iye achagara naMwari, akadzidza kana asina kudzidza. Akadzidza kana asingagone kunyora kana kuverenga, kana nyika ichiripo, anofanira kufa. Uye kana nyika iri mumunhu wako wemukati, uye shuvo yako iri yezvinhu zvemunyika, iwe uchaparara pamwe nenyika. Izvozvo zvakajeka, hazvina here? Zvinofanira kudaro. Iwe uri chikamu cheniyika yakafa. Uye sezvo nyika yakafa, iwe wakafa pamwe nenyika.

¹¹⁴ Asi kana wakaberekwa patsva, uri mupenyu pamwe naKristu, uye zvido zvako zviri pazvinhu zvekudenga uye kwete pazvinhu zvemunyika. Asi kana iwe wakaberekwa patsva neMweya waMwari, iwe unova chikamu chaMwari uye uri wemuna Ziendanakuenda pamwe naYe. Zvadaro, rufu harwugone kukubata kana uchinge waberekwa patsva. Iwe uri wemuna Ziendanakuenda. Wakashanduka kubva pakuva chisikwa chenguva uchiva chisikwa chemuna Ziendanakuenda. Iwe washanduka kubva kurufu kuenda kuHupenyu. Ndiri kutaura pamusoro pe “Ziendanakuenda.” Kubva kurufu rwemuna Ziendanakuenda kuenda kuHupenyu hwemuna Ziendanakuenda. Kana iwe uri wenyika, iwe unofa pano pamwe chete nayo. Kana uchida... Bhaibheri rakati, muna Johane, “Kana uchida nyika kana zvinhu zvemunyika, nemhaka yekuti rudo rwaMwari harwutombori mauri.” Haukwanise kuda nyika. Uye Jesu akati, “Haukwanise kuda Mwari nepfuma.” *Pfuma* ndiyo “nyika.” Haukwanise kuda nyika naMwari panguva imwe chete. “Uye uyo anoti anoNdida, uye asingachengeti mashoko aNgu,” rinova, Bhaibheri, “murevi wenhema, uye Chokwadi hachitombori maari.” Hezvoka izvo.

¹¹⁵ Oo, Branham Tabhanakeri, uye nemi mose vanhu vakanaka, ngatizviongororei! Rino iGore Idzva. Ngatitangei, ngatiitei chimwe chinhu, ngatiburitse zvinhu zvemunyika kubva matiri. Kana zvichiri imomo, ngatizvibvisei. Hongu, changamire. Zvakanaka, vanhu vanhasi... ndinofanira kuti ndikurumidze.

¹¹⁶ Vanhu vanhasi vanatora mhando dzese dzemweya. Ivo vanoendako zvino vatora mweya wechechi, ivo vanatora kunyangwe mweya iyo inozviti pachayo “mweya yaMwari, yakaberekwa patsva,” asi ichiramba kuti Shoko raMwari ndere chokwadi. Mungazvifungidzirawo here Mweya waMwari uchiramba Shoko raWo pachaWo? Kunemi vanhu vechiKatorike, Roma Katorike, ndinoreva kudaro, mungataure here chaizvo

kuti makaberekwa neMweya waMwari, uye motora zvitendwa izvo zvinova zvinopesana neBhaibheri, uye moramba Shoko raMwari, uye motaura kuti imi maka... Mweya waMwari uri mamuri? Mweya uyo wakanyora Bhaibheri iri waizoRiramba here? Izvozvo zvaizova ini ndichitaura chimwe chinhu uye ndosimuka ndichinyepa zvinopesana nacho. Mwari vachitaura chimwe chinhu, zvadaro votendeuka uye vonyepa pamusoro pacho? Apo Bhaibheri parakati, “Hazvikwanisike kuti Mwari vanyepe, nekuti iVo ndivo Chitubu chaicho cheZvokwadi yose.”

¹¹⁷ Imi maMethodisti, Baptisti, makabhabhatidzwa mumadunhurirwa a “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye munoziva zvakasiyana zvino here? Une Bhaibheri rako. Iwe unongojoina chechi, nekukwazisana ruoko? Iwe unotora tsamba yako kubva kune imwe kuenda kune imwe, uye uchitaura kuti wakaberekwa patsva neMweya waMwari? Ko ungazviite sei, uye zvadaro wotarisa muchiso cheShoko raMwari wozvidana pachako kuti Mukristu akaberekwa patsva? Kana wakafa kune chechi, wakafa kuzvitendwa, wakafa kunyika, wakafa kuzvimwe zvinhu zvese kunze kwaMwari, uye Mwari iShoko! Hezvoka izvo. Ngationei. Ivo vanotora chero mhando yose yemweya. Oo, ivo vane mweya yechechi, vane mhando dzese dzemweya. Zvino nyatsoteerera.

¹¹⁸ Vaporofita! Shoko raMwari rinouya kumuporofita. Bhaibheri rakataura kudaro. Zvino, mukuvhara, ndinongova nezvimwezve zvitaurwa zvakati wandei pano, kana zvakadaro, zvandinoda kutaura, uye zvadaro ndiri kuzodimura. Shoko raShe rinouya kuvaporofita. Chii chinouya kuvaporofita? Shoko rechechi rakauya kuvaporofita here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Shoko rechitendwa rakauya kumuporofita here? [“Kwete.”] Shoko raShe! Chaiva chii? Muporofita akazarura Shoko raMwari. Maona? Ivo vaporofita, vaporofita vechokwadi. Zvino, tine vaporofita venhema, tiri kusvika kwavari munguva shoma. Asi muporofita wechokwadi, Shoko rechokwadi raiuya kumuporofita wechokwadi. Hazvaigona kuva zviru zvimwewo. Zvino, chitendwa hachina kuuya kumuporofita, sangano harina kuuya kumuporofita. Kwete. Asi Shoko raShe rakauya kumuporofita, uye iye akaRizarura kuvanhu. Muporofita wechokwadi aive neShoko rechokwadi.

¹¹⁹ Ko unoedza sei muporofita wechokwadi? Kana iye aine Shoko rechokwadi. Zvino kana risiri Shoko rechokwadi, rinofanira kunge riri renhema. Kana richitaura chimwe chinhu chakasiyana neShoko iri, uye iri Shoko iShoko raMwari, regai shoko remuporofita wese rive renhema uye Shoko raMwari rive rechokwadi. Zvino kana Shoko iroro richiuya kubva kumuporofita, iShoko raMwari, zvadaro iye muporofita wechokwadi, nekuti Shoko rinouya kuvaporofita, vaporofita vechokwadi. Isu takagara tiine venhema. Vaporofita vechokwadi, Shoko rechokwadi. Vaporofita venhema, shoko

renhema, “zvitendwa zvedu, masangano edu, joinai *iyi*, taurai *izvi*, tendai *izvi*, itai *izvi*.”

¹²⁰ Asi Shoko rechokwadi rinouya kumuporofita wechokwadi, uye anokutaurirai Shoko rechokwadi. Ukatevera Shoko rechokwadi iroro, uye unowana chiitiko chechokwadi cheShoko nekuti Shoko rinoitwa nyama mauri, uye iwe unobva wava mwanakomana waMwari, uye Shoko raMwari riri kutenderera richibva chaimo muna Mwari richipinda mauri, nekuti uri Hunhu hwaKe, Mweya waKe uri mauri uye uchaita mabasa aMwari. Hareruya! Bhaibheri rakadaro. Oo, ini zvangu!

¹²¹ Vaporofita venhema vanounza mashoko enhema. Ko vanoitei? Vanova nekutekenyedzwa kwenhema. Vaporofita venhema vanochengeta Shoko rechokwadi rakakwana kuti rive renhema. Vakambenge vasingazviite, asi Bhaibheri rakati... Munoda kunyora pasi Gwaro pane izvozvo, Timotio weChipiri 3, munona. Vaporofita venhema vane Shoko rechokwadi rakakwana kuti variite renhema, nekuti Bhaibheri rakati vaizove ne “chimiro chehumwari.” Kuti vave nechimiro chehumwari, vanofanira kuva nerimwe raro seChokwadi. “Chimiro chehumwari, asi vachiramba simba racho.” Simba rechii? Rekukuita kuti uswatanuke, wova wakasiyana, woshumira Mwari, kwete kuenda kumadhanzi nezvinhu zvemunyika, Bhaibheri rinopomera, kuti usadimura vhudzi rako. Kunge, vaporofita venhema vanoti, “Hazviite mutsauko upi zvawo.”

¹²² Mumwe munhu akati kwete nguva refu yapfuura, (ndinotenda ndakazvitaura pano kumashure, handizive) akati, “Ko nhai zvenyu seiko musingasiye madzimai nevarume vakadaro,” kwandiri. Akati, “Hongu, ikoko, vanhu vacho vanotenda kuti imi muri muporofita.”

Ini ndikati, “Handisi.”

¹²³ “Asi vanhu vanotenda kuti ndizvo muri. Ko sei musingavadzidzise kuti vanogamuchira sei zviratidzo, kuti vanoita sei mabasa aMwari akadaro?”

¹²⁴ Ini ndikati, “Ko ndingavadzidzise sei svomhu dzakawoma ivo vasingazive maABC avo?” Maona? Maona? Ko ungate sei mwana kubva kukireshi uye womupa dzidzo yekukoreji nhasi, womudzidzisa kuyera square root here? Ko ungasviite sei apo iye zvaasingazive kuti ABC zvinorevei? Munoziva here kuti ABC zvinorevei? [MuChirungu, “Always Believe Christ”—Muturikiri] “Ramba Uchitenda Kristu.” Ndizvozvo. Regai kutenda chechi, regai kutenda chitendwa, regai kutenda dzidziso dzavo. Tendai Kristu! Sei? “KuMuziva, kuMuziva ndihwo Hupenyu.” Ndizvozvo here? Kwete kuziva chitendwa chaKe, kwete... Iye haana zvitendwa. Kwete kunyangwe kuziva Shoko raKe. Kwete kuziva Shoko raKe; unofanira kumuziva iYe, kumuziva iYe seMuponesi wako mukuberekwa patsva. SaJesu

akataura kuna Nikodhimo, “Kana usingakwanise kutenda zvinhu zvepanyika izvo zvaNdinokutaurira, ko unozokwanisa sei kutenda zvinhu zveKudenga?” Ko uchazotenda sei zvinhu zvemweya izvo zvinopinda muMweya, uye nekuziva nekuona zviratidzo nezvinhu zvakadaro, kuisa chikoro muhurongwa zvakadaro, apo ivo vasingatombotendi zvinhu zvepanyika? Havakwanise kutombotenda zvokuti vapfeke hanzu zvakakanaka. Havakwanise kutombotenda zvokuti varege kusvuta kwavo uye kuti varege kunyepa kwavo, kuti vaise hashu dzavo parutivi, uye nezvinhu zvose izvozvo, kuita zvinhu zvose izvi, kana kurega kuchiva. Ko unokwanisa sei kudzidzisa vanhu kuti vapinde muMweya apo ivo vane zvinhu zvose izvozvo zvichiri zvakaremba pavari? Hongu. Oo, ini zvangu.

125 Vaporofita venhema vane mashoko, zvitendwa, masangano, kutekenyedzwa zvenhema. “O, rumbidza Mwari, ndicho chinhu choga chaunofanira kuita. Unoda here kupfeka nguwo yaEria? Kubwinya kuna Mwari! Chinhu choga chaunofanira kuita kungwa usina kana chinhu mupfungwa dzako, usafunge chinhu chinhu, uye woti, ‘Oo, ndizadzei, ndizadzei, ndizadzei.’” Dhiyahbore zvechokwadi anozoviita. Uye zvadarwo iwe wovimba neizvozvo? “Oooo, zvamhanya nepose-pose pandiri, Hama Branham. Ndazvinzwa. Oooo, kubwinya kuna Mwari. Hareruya!” Uchisvetuka kukwira nekudzika *saizvozvo*. “Oo, ndakuwana.” Uye worarama semararamiro aunoita here?

126 “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Maona? Munoono, kwete kutekenyedzwa.

127 “Oo, hama, munoda kugamuchira Mweya Mutsvene, ingopfugamai pasi paaritari uye moti, ‘Kubwinya, kubwinya, kubwinya, kubwinya, kubwinya, kusvikira mataura nendimi.’” Uh-huh, wodzokera kunze uko uye worarama chero mhando zvayo yehupenyu, kunyepa, kuba? Kana vakakutaurira nezvekuhhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, “Uku kupengereka, chechi yangu inodzidzisa zvakasiyana!” Uye woti wakaberekwa patsva, wakagezwa nemvura dzeShoko here? Chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Maona?

128 Unozotenda Shoko rega-rega nenzira yaRakangonyorwa nayo pano. Isu hatidi. . . uye hatidaro. . . Uye iro—iro Bhaibheri rakati, “Harina dudziro yepakavanda.” Mwari vakaRidudzira, uye izvi ndizvo zvaRiri. Ivo. . . Shoko, Shoko raVo pano. Bhaibheri haritaure here muna weChipiri. . . ndinotenda Petro weChipiri imomo, “Bhaibheri harina dudziro yepakavanda.” Zvirokwazvo. Kwete, kwete pakavanda. Rakanyorwa nenzira iyo yaRinoZvireva nayo, zvakakanaka saizvozvo. IngoRitenda sekungonyorwa kwaRakaitwa pano, Rinozounza zvibereko zvakananana.

129 Zvino, vadzidzisi venhema vanozounza kuberekwa kwenhema. Vaporofita vechokwadi vanozounza Shoko,

kuberekwa neShoko, Kristu. Vaporofita venhema vanozounza kuberekwa kwenhema, kuberekwa kwemachechi, kuberekwa kwezvitendwa, kuberekwa kwemasangano. Uye hepano pauryi, hama yechiPentekosti, kwenhema kutek-...kana kuti kutekenyedzwa, uye voudza munhu kuti iye ane Mweya Mutsvene nekuti anotaure nendimi. Ndakaona madhimoni achitaura nendimi; penzura dzichirara pasi uye dzonyora nendimi dzisingazivikanwe. Izvozvo hazvireve chinhu. Munooni, hunofanirwa kuve hupenyu, nezvibereko zvavo imi muchavaziva. “Hama Branham, munotenda here mukutaura nendimi?” Hongu, changamire. “Munotenda here mukudanidzira?” Hongu, changamire. Kuva Mukristu, ndinotenda izvozvo. Ndinotenda Shoko raMwari. Asi kana hupenyu husipo kuti uzvitsigire!

¹³⁰ Wobuda panze ipapo uchizvitutumadza, “Kubwinya kuna Mwari. Hareruya!” Uye zvararo wondiudza kuti ndiye Kristu? Kristu aive akazvinipisa, akapfava uye ari munyoro. Enda mune rimwe guta uye, ini zvangu, unofanira kutobviswa tsvina pamapendekete, munoziva, uye zvinhu zvese zvinofanira kunge zvakangorurama, pasina kana kuunyana pasutu yako, uye unofanira kuva nezvakanyakisisa kana kuti hautozombouyi zvachose, wakavimbiswa mari yakawanda zvakadai; hauzokwanisa kuva nemusangano. Oo, oo, oo, oo, oo, ini zvangu! Masangano ose, anofanira kukubhabhadzira kumusana. Hapana kana rimwe rawo rakaMubhabhadzira kumusana, nekuti iYe akanga ari Shoko. Ndizvozvo chaizvo.

¹³¹ Nhema dzinochengeta chokwadi chakakwana kuti dzigadzire chimiro chehumwari. Uye teererai, zvino ndiri kutaura chimwe chinhu pano, ndinoda kuti mutererere. Idzo mhando dzemaonero enhema, munoziva kuti maonero enhema chii, anotungamirira mamiriyoni evanhu kune kuberekwa kwenhema. Vadzidzisi venhema vanotungamira vanhu kuti vatende mune kutekenyedzwa, “Nekuti wagwinha kwese-kwese, wava naWo. Oo, nekuti wava nemanzwiwo asinganzwisisike achipfuura nepauri, iwe—iwe waona zviedza pamberi pako, uye ukava bofu ndokudzadzarika, iroro ndiro bhachi raEria raiswa pauryi. Ndizvozvo, waUwana. Oo, unoziva kuti uri chii here? Uri mwanakomana waMwari ari kuratidzwa.” Unozviwana uri papi? Wakakundwa. Ndizvozvo chaizvo. “Kubwinya kuna Mwari, ndakaenda humwe husiku uye ndikava nechiroto!” Oo, hongu, uh-huh. Maona? “Oo, ndakaona *izvi, izvo*.” Hongu, uh-huh. “Imi, hamutendi muzviroti here?” Hongu, changamire, zvirokwasvo ndinodaro. Asi kana chiroto ichocho chisina kutsigira Shoko raMwari, zvararo chakatsveyama. Ichi ndicho Chokwadi pano, garai mune *iRi*. Hongu, changamire. Kutungamirira miriyoni kune kuberekwa kwenhema, ingofungai!

¹³² Ndine chimedu chebepa icho chandanga ndiri kuzouya nacho, kwazvinonzi baba vepasi rose vemachechi ese eGreek

Orthodox neOrthodox akataura naPapa John wechi 22, uye iye akati, “Tinokwanisa kusazviona muchizvarwa chedu, asi hukama hukuru mukuonekwa kwezvose zviviri Protestanti neKatorike huri kuuya pamwe chete.”

¹³³ Ndakafunga, “Mwari ngavarumbidzwe!” Mumwe munhu akazvicheka kubva pabepa, akanyorera kwandiri saizvozvo. Ndinotenda vaiva Hama Norman kana mumwe munhu, akati, “Hama Branham, nguva yapera kupfuura zvatnofunga.” Tarirai kune zuva ranhasi, gurukota rehondo uye, oo, mahofisi akawanda kwazvo akasiyana-siyana neMukuru wenyika, uye nyika ino iri kutongwa neKatorike mune zvose. Teererai!

¹³⁴ Iwe unoti, “Zvakanaka, ivo Makristu.” Kuva Mukristu kuva wakafanana naKristu, kuva neMweya Wake. Ndizvozvo here? Hepano pane kusaremekedza, chimwe chinhu chisina kuremekedza, asi ndinoda kuchitaura. Dai waidaidza nguruve kuti hwai zvaizoiita hwai here? Hongu, dai waiti, “Nguruve, ndangoneta newe kuti iwe unge uri nguruve. Ndinoda gwayana, saka ndiri kuzokutora kuenda newe kunze kuno uye ndiri kuzokukweshwa muviri wese, uye ndiri kuzogezwa meno ako, uye ndiri kuzokukama vhudzi rako richidzika, ndi—ndiri kuzokuita gwayana diki. Ndiri kuzokusungirira ribhoni diki repinki rakatenderedza huro yako uye uri kuzova gwayana diki pachinzvimbo chekuva nguruve.” Iwe ukabva wauya uye woti, “Gwayana, gwayana, gwayana,” iyo icharamba ichiti, “Oinki, oinki.” Isunungure mudanga renguruve, iyo inozodya tsvina yose yainogona kuwana. Ndizvo! Hakusi kuisasa, hakusi kuiisa mumvura; iko kufa nekuberekwa! Hongu, changamire. Woti, “Ini hapana chekudya chandiri kuzokupa kunze kwealfalfa, ndiri kuzokupa chikafu chemakwai.” Ramba uchiipa chekudya chealfalfa, iyo inoramba iri nguruve. Ndizvo zvoga. Ndizvozvo here? Zvirokwazvo ndizvozvo. Handiti, chokwadi, iyo inguruve nekuti hunhu hwayo inguruve.

¹³⁵ Uye kana uchida nyika kana zvinhu zvemunyika, iwe uchiri nguruve. Ndizvozvo chaizvo. Zvinitora simba raMwari kushandura munhu wemukati iyeye. Ifa kuhunguruve, isa tsika dzako dzenguruve paaritari, zviradzike pachako ipapo, uye worega chibayiro chaMwari chive...kana kuti moto wekutonga uburuke uye ukupise kusvika wapera, senguruve, uye wokubereka patsva segwayana. Zvadaro iwe hapana tsvina yaunozodya, hawaizokwanisa, zvemudumbu mako hazvizokwanisa kuzvigayanisa. Hauna kunaka. Hazvidaro, zvirokwazvo hazviyiite ngu—nguruve nekutaura...kana kuti kuyiita gwayana nekutaura kuti iyo igwayana.

¹³⁶ Saka munhu anonzi Mukristu, nechimwe chitendwa kana nekumwe kutekenyedzwa! Iwe unoti, “Kubwinya kuna Mwari, Hama Branham, ndakatamba muMweya husiku hwese husiku ihwohwo. Ndakataura nendimi, oo, ini zvangu, Hama Branham!” Ndiri kutaura kumaPentekosti zvino. “Ini—ini—

ini ndakatamba muMweya. Oo, ndakava nekutenyedzwa, zvinhu zvose saizvozvo. Asi ndinokutaurira iye zvino, rega kuzotaura kwandiri pamusoro peizvo zvinhu zviya zveZita raJesu.” Enderera mberi, nguruve. Iwe uchiri inguruve, ndizvo zvoga.

¹³⁷ “Makwai angu anonzwa Shoko raNgu!” Ini ndoti, “Asi, hama, tarira, ndiwanirewo nzvimbo imwe chete iyo yavakambobhabhatidzwa ‘nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,’ muBhaibheri.”

¹³⁸ “Handina hanyin’ a nokuti izvozvo zvinoitei, hareruya, ini hapana kana chinhu chandinoda chezvinhu izvozvo zveJesus Only yekare.” Ndiani akataura chero chinhu pamusoro pezvinhu zveJesus Only? Ndiri kutaura nezveBhaibheri. Jesus Only iboka rezvitendwa uye neboka remasangano. Rimwe harikwanise kudaidza rimwe racho chimwewo chinhu, nekuti ose ari maviri ari mazviri.

¹³⁹ Asi ndiri kutaura pamusoro peMakristu chaiwo, echokwadi, akakwana, akaberekwa patsva neMweya waMwari, uye madonhwe edova reKudenga ari muhupenyu hwavo. Ndivo vandiri kutaura nezvavo. Kana iwe uri muMethodisti uye une izvozvo, ameni! Chinhu choga chaunofanira kuita kunongedzerwa kuShoko, iwe unozoRitevera sedhadha riri kuenda kumvura. Maona? Zvinongova chaizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴⁰ Vanhu nhasi vanoda nzira dzekudimurira. Havadi. . .ivo—ivo vanofunga kuti unongozviwana munguva shoma, “Kubwinya kuna Mwari!” Chii ichochi? Chii chavanoita? Manheru anhasi ivo vari mune—vari kunze uko mune. . .Kufanana nemamwe emachinda aya ayo avainavo sezviri vamwe vanhu avo vandaikwanisa kudana mazita, asi handidi kuzviita nekuti izvi zviri patepi, asi ivo vari mubhawa reusiku manheru ano negitare, vachiriridza, zvino mangwana mangwanani vanenge vakamira muchechi pane imwe nzvimbo, vachiridza gitare rimwe chete iroro. Tsvina! Bhaibheri rakati muna Isaya, chitsauko 28, “Matafura ese azere namarutsi. Sembwa inoenda kumarutsi ayo uye nguruve kumatope ayo, ndizvo zvimwe chete zvanoita.” Sei? Ivo vachiri imbwa nguruve! Ndizvo zvinovaita kuti vadzokere kumatope uye nekumarusti. Muchiri. . .Havana kuberekwa patsva. Kana vakaberekwa patsva, ivo zvisikwa zvitsva.

¹⁴¹ Unoziva chii? Une gunguwo rakare, iro—iro. . .hazvina basa kuti unoedza zvakadii kuti. . .waigona kuripenda zvakangoita—zvakangoita seruvara rweorivhi senjiva, zvakangoita rwupfumbu senjiva, chena, woripenda muviri wese, iro richiri gunguwo mukati. Maona? Iro richiri kunhuwa, gora rakare zvakangodaro, rinodya zvakafa zvoga, rinodya zvinhu zvakafa zvepanyika. Ndizvozvo. Asi unoziva chii? Njiva

haitombosungirwi kugeza. Oo, hareruya! Muviri wenjiva, nekuti iyo injiva, iyo ine mafuta anouya nemuminhenga yayo, iwo anongoichengetedza yakachena nguva dzese, nekuti anobva mukati achibuda kunze. Oo! Sei? Gora rinoti, “Anguwo, zvekare! Ndakaisa mvura tsvene shoma, hama, yakazvigadzirisa.” Kwete, haina kuzviita. Nekuti, iwo anobva mukati achibuda kunze, kwete kubva kunze achipinda mukati. Kuberekwa. “Mwari varumbidzwe, ini ndinoenda kuchechi sezvamunoita imi. Hareruya, chechi yangu yakangonaka seyenyu. Hareruya, isu tingori...” Zvakanaka, iwe gora. Munoono, ndizvozvo. Maona? Asi njiva inoiswa mafuta kubva mukati. Mune imwe—imwe mhando yenhengo munjiva iyo isiri mune shiri ipi zvayo yakadaro, njiva kana hangaiwa. Uye inozviisa mafuta pachayo kubva mu... Kunze, inozvichengeta yakachena nguva dzose. Iyo haisungirwe kugara ichizvichenesa pachayo, pane chimwe chinhu chiri mairi chinoichengeta yakachena. Oo, Hanzvadzi Way. Hareruya! Chimwe chinhu chiri mukati mayo chinoichengeta yakachena.

¹⁴² Woti, “Ndinoziva, ndakajoina chechi svondo rapfuura. Ini—ini—ini chokwadi ndingada kutora chinwiwa ichocho newe, asi, huh! Umm, fodya iyo inonhuwirira zvakanaka kwazvo! Oo, hanzvadzi, ndinoziva kuti ndiri wembiri yekare, ndinofanira kurega vhudzi rangu kuti rikure zvino. Hazvina kuipa here? Unoziva madhirezi madiki akanaka andaimbopfeka, uye munhu wese achiti, ‘Sviyo-sviyo,’ Ndinofanira kuabvisa zvino. Unoziva, ndakajoina chechi svondo rapfuura.” Iwe munhu anonyadzisa zvinonzwisa urombo! Mvura tsvene yese iri munyika hayaikwanisa kukuchenesa.

¹⁴³ Asi, hama, apo paunenge une Chimwe chinhu mukati mako, Icho chinongozviyeza zvichibva nguva dzose. Iwe ingomira wakadaro uye Icho chinogeza.

¹⁴⁴ Haufanire kuudza hwai kuti, “Unofanira kugadzira.” Ndiro dambudziko nevanhu vePentekosti nhasi. Ndiro dambudziko nehumambo hwese hweChikristu, kuedza kugadzira chimwe chinhu. Hwai haikumbirwe kuti igadzire makushe; iyo inobereka makushe. Iwe unobereka zvibereko zveMweya. Iwe hauti, “Kubwinya kuna Mwari, ndinofanira kuita mutema kumeso, ndinofanira kuita *izvi*, uye ndinofanira kuva nekutekenyedzwa, ndinofanira kutamba muMweya, uye ndinaWo.” Kwete, kwete, uh-huh. Ingoberekwa patsva uye zvinotora nzvimbo pachazvo. Iwe haufanirwe kuti, “Ndingadzidze husiku hwese here, ndingaite *izvi* here, ndingaite *izvo* here, ndingajoine *iyi* here, uye ndingagadzira here chitendwa ichi, ndoita zvekuzvirwadzisa here *izvi*?” Bodo, bodo. Ingofa, ndizvo zvoga. Maona? Berekwa patsva, uye zvinobva nemukati, zvogadzirisa kunze. Maona? Kusasa mvura shoma, uye wovageza, sekungoshandura nguruve kuiita gwayana, haukwanise kuzviita. Asi kana mukati iri gwayana, zvararo haizove nguruve zvekare. Maona? Iwayo

mashoko asina kuremekedza; asi ini handina kudzidza, ndinongofanirwa kuzviita.

¹⁴⁵ Munoziva, zviru, ndanga ndichifunga, ndakaverenga muhupenyu hwaJohane Mubhabhatidzi rimwe zuva, izvo zvaakataura, izvo zvaakavadana, “Imi chizvarwa chenyoka!” Sei? Iye akakurira murenje. Munoono, aiziva zvavaive. Tsika pasi nerutsoka rwako zvine simba zvino idzo dzinozomhanya kunohwanda. “Imi chizvarwa chenyoka.” Zvakare, “Demo raiswa pamudzi wemuti.” Muti, nyoka, matemo, iye akataura pamusoro pezvaaziva. Ndiyo nzira yaunodzidza nayo Mwari, kuburikidza nezvaunoziva. Unoono nguruve negwayana, hapana kana chinhu zvachose. Haugone kugadzira...Unokwanisa kugeza nguruve diki iya yekare uye woita zvese zvaunoda kuita, iyo ichingori nguruve. Iyo inofanirwa kuberekwa patsva isati yave gwayana.

¹⁴⁶ Nzira dzekudimurira! Manheru ano, vari kunze kuno nhasi, vari kuenderera mberi, oo, ini zvangu, zvino mangwana voda kuparidza. Vanhu vechiPentekosti vachivatendera kuti vaite izvozvo, zvekare. Hongu. Ivo vanoda nzira yekudimurira kuenda Kudenga, “Hareruya, zvega zvandinofanira kuita kuenda pasi apa uye ndongorega kufunga chero chinhu zvachose, uye ndoti, ‘Hareruya, hareruya, ndapfeka hanzu yaEria. Ndiri kubuda kunze mangwana kunodzinga madhimoni. Hareruya, hareruya, ndinaWo!’ Mwari ngavarumbidzwe, pano ndoenda!” Ivo vanoda nzira yekudimurira kuenda Kudenga, vachitora zvakanwanda zvenyika sezvavanogona kutora. Haukwanise kutora chero chipi chayoy. Hapana nzira dzekudimurira. Iwe unouya nenzira yeKarivhari. Unouya nenzira yearitari yendarira. Unouya nenzira yenyoka yendarira. Iwe unofa! Unotofa chaizvoizvo. O Mwari, ko sei ndisingakwanise kuzvita zvakwanaka? Iwe unofa! Kunyatsofa kune zvauri pachako. Unofa kuzvinhu zvenyika, uye woberekwa patsva. Amen. Hapana nyika, zvinhu zvemunyika zvaka. Hapana nzira dzekudimurira. Maona? Vanoda kuuya nekukurumidza, havadi kukura. Tinokura munaShe. Zvinotora kukura uye nechiitiko.

¹⁴⁷ Vanhu vanoudzwa kuti kunze kuMahombekombe eKumadokero zvino, “Oo, tine rubhabhatidzo rwekusafa. Tinokubhabhatidza mumvura, iwe wodzokera pakuva jaya ipapo chaipo, mhandara. Hongu, changamire. Iwe unoramba uchiwana...” Ivo vane hanzu dzaEria, vane vanakomana vaMwari vakaratidzwa. “Hongu, changamire, hama, Mwari vari kuwana vanakomana vakaratidzwa iye zvino. Kuratidza, kuvataurira zvose pamusoro peizvi. Manheru anhasi uri mutadzi, mangwana mave vanakomana vaMwari vakaratidzwa.” Hazvina maturo! Unozviwana kupi izvozvo muShoko? Vacheche havaberekwe vari varume, vanoberekwa vari vacheche uye vokura kuva varume.

148 Teerera! kuno uku, ingonditenderai ndingotaura ndichidzokorora uye ndoverenga chimwe chinhu kwamuri chiri muna VaEfeso, ndima 11, 12, kusvika kuda pane 15, ndinotenda kuti ndizvo, pane imwe nzvimbo neche mukati muno. Ngatitangirei pandima 12:

Kuti vatsvene vakwaniswe, nekushanda kweshumiro, . . . kusimbiswa kwemuviri waKristu:

Kusvikira isu tose tisvike muhumwe hwekutenda, ne . . . ruzivo rweMwanakomana waMwari, mune . . . munhu akakwaniswa, uye nepachiyero chechimiro chaKe uye nehuzaro hwaKristu:

Kuti isu kubva zvino zvichienda mberi tirege kuramba tichingova vacheche, tichizununguswa kuenda mberi nekudzoka, uye tichingotakurwa nemhepo ipi neipi yedzidziso, (teerera! uye idzidziso ipi?) nekunyengera—kunyengera kuavanh, namabasa ane mano, nazvo ivo vanovandira kuti vanyengere;

Asi kureva zvokwadi murudo, . . . (uye, mirai, chii?) . . . kureva zvokwadi (Iye iChokwadi) murudo, . . .

Teerera! Muri kuteerera here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

(Chii?) . . . *kukwanisa kukura kusvika kwaari . . .*

Chii? Mangwana? Kwete. “Kura kusvika kwaAri.”

. . . kukura—kukura kusvika kwaari . . . anova musoro, kunyangwe Kristu:

Kukura maAri! Oo, pane . . .

149 Ndinorangarira mharidzo yekutanga yandakaparidza. Ndakasimuka ipapo uye ini—ini ndakafunga kuti ndaive ndaita zvakanaka chose, uye chembere dzose dzakagara kwese imomo uye dzakachema zvisoma, munoziva, uye ndokuti, “Oo, mukomana akanaka kwazvo.”

150 Mufundisi wekare, Chiremba Davis, vaive gweta rekare. Ndakadzika zasi, uye ivo vakati, “Ndinoda kukuona zasi uko kumba.”

151 Ini ndikati, “Zvakanaka.” Ndakapinda, zuva raitevera, munoziva, ndakazara nemhepo ndichizvinzwa. Ini ndikati, “Ndakaita zvakaadini, Chiremba Davis?”

Vakati, “Zvakaworesesa zvandati ndakambonzwa!”

Ini ndikati, “Chii?”

Ivo vakati, “Zvakaipisisa zvandati ndakambonzwa.”

“Oo,” ini ndakadaro, “Hama Davis, munhu wese akanga achichema.”

152 Ivo vakati, “Hongu, vanochemama pamariro, vanochemama pakubereka, zvimwe zvese.” Ivo vakati, “Zvazviriri, Billy, hauna

kumbobvira wataura kana chidimbu cheShoko raMwari. Wakataura nezvevamwe amai vakanga vafanotungamira, kana chimwe chinhu chakada kudaro, uye ndokubva waita kuti munhu wese acheme.” Vakati, “Hauberekwe patsva nekuda kwezvinhu nekutekenyedza kwenyika ino, unoberekwa neShoko!” Vakati, “Billy!”

¹⁵³ Oo, vakabvisa mhengo dzose dzaiva mandiri. Ndinofara nekuti vakazviita. Maona? Maona? Kwete kusvetuka kukwira nekudzika, uchidanidzira, handizvo izvozvo. Shoko ndiro rinopa hupenyu. Shoko rakaitwa benyu. Kwete zviitiko; Shoko!

¹⁵⁴ Ivo vakati, “Ndinorangarira nyaya yekutanga yandakamiririra, Billy.” Ivo vakati, “Ndakarova pasimbi,” uye ivo vakati, “ndakati, “Tarira mudzimai anonzwisa urombo uyu.” Oo, ivo vakati, “Tarira kuti anotaridzika sei, uye murume wake akamushungurudza.” Uye vakati, “Ndakachema zvishoma ndokusimudza hengechepfu yangu, ndokubva ndangozvibata semamwe magweta ese.” Vakati, “Ndakafunga kuti ndaizopfuura nemumaitiro mamwe chete.” Vakati, “Mutongi, Anoremekedzwa, ko madini mamutendera kurambana? Tarirai apo! Iye anoti murume wake akamurova musana wake zvachinjika musana.” Iye haana kutombokwanisa kuzviona, pasi pematya dzake dzemukati. “Ivo vakamurova zvachinjika kumusana.” Uye vakati, “Ko madini mamupa...” Mutongi wekare akangogara ipapo, ndokutarisa.

¹⁵⁵ Kwakananga mberi gweta rekare raive rakagara mhiri kune rimwe divi, rakanga rati kurei, iro rikati, “Mutongi, Anoremekedzwa, kakawanda zvakadini kacha...kezvinhu izvi zvisina maturo zvichatenderwa nedare renyu?” Kungoenderera mberi kwakawanda.

¹⁵⁶ Ndiyo nzira inoitwa nayo nevanhu vakawandisa. Kuenderera mberi kwakanyanyisa pasina Shoko rakakwana kuseri kwazvo rekuzvitsigira. Kura! “Oo, akatamba muMweya husiku hwapfuura, Hama Branham, zvaari zvakanaka.” Kwete, izvozvo hazvimuite kuti ave akanaka kwandiri. Kwete, changamire. Anofanira kukura, kuongororwa, kuedzwa, achikura kusvika kwaAri, asiri mumbishi.

¹⁵⁷ Ndakanga ndichiverenga munhoroondo kwete nguva refu yapfuura. Ndiri kutora nguva yakawandisa here? Ndakanga ndichiverenga munhoroondo yechechi. Ndinotenda Hanzvadzi Arnold kumashure uko “vakandiitira ameni” rimwe zuva pane chimwe chinhu pamusoro penhoroondo yechechi, iyo yavakanga vamboverenga. Ndakaona apo humwe husiku kwaive nemumwe mukomana muimba inogara vashumiri, mumazuva aMutsvene Martin, kuti iye akati, “Ishe vakandiita muporofita wekare kubva muTestamende Yekare. Maona? Ndiri mumwe wevaporofita vekare.” Zvakanaka, handikwanisi kudana

zita remubhishopi ipapo, wechikoro chidiki ichi, kaingova kaboka kadiki kakaita sekano pano. Handikwanise kudana zita rake panguva ino, asi aiva akadzidziswa pasi paMartin. Hazvina kunzwicka zvakanyatsonaka, saka dzimwe hama dzose dzakangomusiya ega. Iye akaporofita zvakanga, akati, “Manheru anhasi Mwari vari kuburuka uye vari kuzondipa nguo chena, kuti ndigare pakati penyu, uye muchaziva kuti ndiri mumwe wevaporofita veTestamende Yekare.” Saka husiku ihwohwo, twelve o’clock, zvechokwadi zvakaitika. Manzwi akanzwikwa, vanhu vachifamba-famba, uye mukomana wacho akawana nguo yacho, ivo vakati yakangochena sezvayaikwanisa kuva. Iye akabuda, akati, “Handina kukutaurirai here?” Akati, “Zvino imi mose mochora zvandinokurairai ini. Ndini muporofita weTestamende Yekare.”

¹⁵⁸ Asi bhishopi wekare haana kuzvitora sezvakangonaka. Rakanga risiri Shoko. Vaporofita havagadzirwe, vakafanotemerwa. Uye muporofita haaizozvibata saizvozvo, pakutanga. Chibereko chazvo chakaraidza kuti zvakanga zvisiri izvo. Maona? Zvibereko zvakaraidza kuti akanga asiri muporofita, munoona. Saka akati, “Tichapedza husiku hwese mukutsanya nekunamata, nekuimbwa kwenziyo.” Zuva rimwe kana mamwe akapfura. Mushure mechinguva mubhishopi wekare, achinamata, akati, “Ishe, mukomana uya!” Nguo iya, vakaitarisa, pa-. . .havana kana chavaimboziva, kumboona chinhu chakaita sayo. Vanyori vakauya vakatarisa, uye havana kumboona chero chinhu zvacho chakaita sayo. Heyo payakanga iri. Pakupedzisira, vakazoziva murume mumwe chete aiva muporofita, aiva Martin. Ivo vakati, “Zvakanga, chinhu chimwe chete zvino chaunoita zvino kuti uratidze kwatiri. Pamagwaro iwe wakatsveyama. Wadii kuenda kuna Martin uye unomira pamberi pake womuudza izvozvo?” Maona?

Iye akati, “Oo, ndinorambidzwa kumira pamberi paMartin.”

¹⁵⁹ Uyo ane goridhe rakanaka haatyete kuenda kumuchina wekuongorora; uh-huh, ndizvozvo, uyo ane Chokwadi. Ndicho chikonzero ndichiva nekupikisa: Chero munhu upi zvake ngaauye azondiratidza apo rubhabhatidzo nemuZita raJesu Kristu rwakatsveyama. Ndiratidze kuberekwa uku kwaunako, kuti ufe. Uye kana uchiri nenyika mauri, iwe uchiri wenyika. Ndiratidze zvinhu izvi. Haufanire kunetseka nekuda kwazvo, enda nazvo kumuchina wekuongorora. *Heuno Muchina Wekuongorora*. Maona? Maona? Ndizvozvo chaizvo.

¹⁶⁰ Saka ivo vakati, “Uri kuenda zvakadaro.” Uye rimwe boka rehama rakamusimudza, uye nguo ndokubva yanyangarika. Maona? Vanhu vePentekosti havaizogamuchira izvozvo nhasi here? Oo, ini zvangu! Yaitaridzika sechinhu chechokwadi, asi iyo yakanga isiri maererano neShoko.

¹⁶¹ Martin akati Satani akauya kwaari imwe nguva, akapfeka korona huru yendarama, zvishongedzo zvenyeredzi zvitatu kana zvina zviri mairi saizvozvo, dzichipenya uye dzakanaka kwazvo, muchinda mukuru kwazvo, akanaka, ane runako, akanyatsokamwa zvakanaka uye akashongedzwa, akapfeka nguo huru yakanaka kwazvo, uye shangu dzake dzaiva mutsoka dzake dzaive dzendarama, akafambako akati, “Martin, unondiziva here?”

¹⁶² Zvino vanhu vasingaone zviratidzo, izvi zvinogona kutadza—izvi zvinogona kutadza...munogona kutadza kuzvanzwisisa, munoono, kuti zvinhu zvinouya sei kwaari mumweya yakasiyana-siyana, uye kuti inonyengera sei. Bhaibheri rakati yaizonyengera vasanangurwa dai zvaigoneka, munoono. Vasanangurwa, ndivo avo vakafanotemerwa uye vakaberekerwa chinangwa ichocho. Maona? Maona?

¹⁶³ Saka iye akauya kune musanangurwa uyu, akati, “Martin, unondiziva here? Ndini Kristu.” Iye akati, “Uchandiziva here?” Zvino Martin akazeza. Zvairatidzika kusanzwisika. Akamirira zvishoma, uye iye akati zvekare, iye akati, “Hausi kundiona here? Ndini Kristu. Wandiziva here?” Akazvitaura katatu kana kana kwaari.

¹⁶⁴ Kristu akati, kana kuti Martin akati, “Satani, ndinokuziva. Ishe wangu haasati apfekedzwa korona nazvino, asi vatsvene vaKe vachaMupfekedza.” Hero Shoko, richidzoka.

¹⁶⁵ Ndipo apo chechi yeRoma iyoyo yakawana zvitendwa zvakanaka, mweya yakaipa ichipinda, inopesana neShoko, uye vaifanira kuramba Shoko kuti vatore chitendwa chavo uye vobva paBhaibheri. Garai neShoko! Ndiro tambo yeHupenyu nhasi. Kuchave nemweya inomuka mushure mechinguva iyo inozonyengera zvinhu zvese, potse. Bhaibheri rakataura kudaro. “Sezvo Jane naJambure vakapikisa Mosesi, ndizvozvo zvichaitwa nevarume ava vane pfungwa dzakapata maererano neChokwadi,” vanoita zvimhamiso uye nokuita mhando dzose dzezviratidzo. Asi garai neShoko iroro. Shoko raShe rakauya kumuprofita, uye ivo vakaRiunza, uye tinotenda vaporofita.

¹⁶⁶ Cherechedzai, hongu, iye akati, “Ndinokuziva, Satani.” Akati, “Ishe wangu haasi murume akakura saizvozvo. Ishe wangu akaenda akapfeka nguo tsaru yekare, aine mavanga ezvipikiri muruoko rwaKe, asina kupfekedzwa korona, aine mhotsi dzevhudzi dzine ropa. Uye paAnodzoka, Achauya saizvozvo, nekuti Bhaibheri rakati Achadzoka nenzira imwe cheteyo yaAkaenda nayo.” Zvino chinhu chacho chakanyangarika kubva paari. Oo, ini zvangu!

¹⁶⁷ Kuti iye anouya achipinda uye ongozviita kuti zvive zvakanaka kwazvo, “Oo, vakataura nendimi. Ndivo va—ndivo va—ndivo vanhu vakanaka kupinda vose vamati mamboona.” Regai kutenda izvozvo. Ivai musina chivimbo nazvo.

168 Ndinotarira kuti Shoko harisi kukufinhai. Makristu akaberekwa anokura muchimiro chaKristu apo pavanorarama. Vakaberekwa patsva, uye hupenyu hwavo hunotanga kuumbika sekacheche. Ihwo hunotora chimiro uye hwotanga kukura. Chinhu chekutanga munoziva, hevano vari muchimiro chakazara. Ameni. Hezvoka izvo. Zuva nezuva, gore negore, ivo vanoramba vari vamwe chete. Zvino dzokai kuShoko, “Kana muchigara maNdiri!”

169 Ivo vanoti, “Ini ndakaberekwa patsva, hareruya, ndakavajoina. Ndakajoina *izvi*. Ini ndakajoina. Handizive, gore rakapera ndaitenda muZita raJesu, zvino ini—ini ndakabva pazviri zvino, ini—ini ndinotenda *izvi*. Ndaitenda kuti waifanira kurarama, wova mutsvene, asi ini—ini... *Nhingi-nhingi* anoti...” Vadzungairi, vanokandirwa kwese-kwese nemhepo dzese dzedzidziso. Maona? Hezvoka izvo.

170 Asi berekwa neMweya uye wokura muchimiro chaKristu! Munozviona here, Hama Dauch? Kukura muchimiro chaKristu! Kubudikidza nehupenyu hwako, zvinoratidza. Sekunge kana wakaberekwa uri muporofita, iwe ucharamba wakadaro. Kana wakaberekwa uri Mukristu, iwe ucharamba wakadaro. “Kana muchigara maNdiri uye Mashoko aNgu achigara mamuri!” *Iri* rinokukudza kusvikira muchimiro chaKristu. Kwete rimwe gweta rechidiki riri kurova, richidanidzira, richichema, richikuudza *izvi*, *izvo*, *zvimwe*, richiita manyawi akawanda; asi mumwe munhu akakura kusvika muchimiro chaKristu, kuburikidza nemakore akaibva uye akaedzwa, akamira pakutonga. Hakuna mumwe! “Pana Kristu Dombo rakasimba tinomira, dzimwe nzvimbo dzese ijecha rinonyudza. Regai masangano nezvitendwa zviuye, zviende, regai zvitevedzwa; ndichengetei ndakazvininipisa, Ishe, nyatsogara naro Shoko uye woramba uchienda mberi uchidarika nemurukova. Richatitungamira kuenda kumahombekombe.” Chimiro chakazara.

171 Zvino tarirai, kana tichiona kuti zvinoita sei pano, uye kuti haukwanise kushanduka mushure mekufa... Zvino imi tarisai vanhu ava vanopinda, vanowana kutekenyedzwa kwese uye nezvinhu, vanomhanya vachibuda uye mangwana ivo vava zvakaita *kudai*. Makambozviona here? Mazana avo. Maona? Uye munoono, mu—munoono izvo zvinoitika. Uye zvino ko kana vanhu ivavo vakafa vari muchinhano ichocho? Rufu harwuzvishandure.

172 Saka, oo, Makristu, mukuvhara Mashoko aya, regai nditaure *izvi*. Ngatitendeukirei kwaAri neShoko raKe, nekuperera kwese, touya nekuzvininipisa, seMakristu, uye toberekwa patsva neMweya waKe. Uye kana uchinge waberekwa patsva, unosimbiswa kuva Mukristu nezvibereko zvaunobereka. Mazvibata here, Hanzvadzi Peckenpaugh? Uri Mukristu kuburikidza nezvibereko zvako zvaunobereka. “Nezvibereko

zvavo imi muchavaziva.” Ndiko kusimbiswa. Unogona kusaziva maABC ako, asi zvakadaro unogona kuva mudzimai kwaye, Mukristu. Unogona kuvengwa nenyika, (kana ukazviita nekuti chimwe chinhu chawakaita, unofanira kudaro), asi kana iwe uchivengwa nekuda kwaKe, izvozvo zvakasiyana.

¹⁷³ Unogona kunge usiri—unogona kunge usiri mudzidzi webhaibheri. Tarirai murume bofu uyo akaberekwa asingaone. Jesu akamupodza. Iye aive aberekwa kubva pakuzvarwa, akange asina kana maziso. Uye Jesu akamunatsa, akamuporesa. Zvino murume iyeye paakanga ave kuona, uye Vafarise vakamuvhuzurudza, vakati, “Anga ari Ani?” Ivo havaikwanisa kuramba kuti chimwe chinhu chakange chaitwa. Zvino, murume wacho akange asiri mudzidzi webhaibheri. Iye haana kukwanisa kuita nharo sezvinoitwa nevaparidzi, zvinhu zvidiki zvehunyanzvi, haana kukwanisa kutsanangura kwavari. Iye akanga asingazive Testamende. Akanga asingazive kuti Mesiya aizozvarwa sei uye nemabasa Aaizoita. Murume uyu akanga asingazvize. Akanga asiri mudzidzi webhaibheri. Asi ko iye akaitei? Ivo vakati, “Ipa Mwari rumbidzo. Isu tiri vadzidzi vebhaibheri, uye tinoziva kuti Iye mutadzi.”

¹⁷⁴ Zvino murume wacho akanga asingakwanise kuramba shoko ravo, asi hezvinoi zvaakataura, nemamwe mashoko, “Kana—kana Ari mutadzi uye achiita izvi, zvino chii chakakanganisika nemi machinda? Chii chakakanganisika nemi mose?” Maona? Iye akati, “Zvokuti Iye mutadzi, kana kuti kwete, ini handizive, handikwanise kutaura izvozvo. Asi chinhu chimwe chete icho chandinoziva, apo pandaimbova ndiri bofu, zvino ndave kuona.” Chii chaakanga achiita? Akanga asimbiswa. Ndizvozvo. Akanga ari kusimbiswa. Chimwe chinhu chakanga chaitika kwaari. Masikirwo ake akashandurwa kubva kurima kuenda kuchiedza, kubva pakuve bofu kuenda pakuona.

¹⁷⁵ Uye munhu akaberekwa neMweya waMwari, uyo aimbove nechimiro chehumwari, oramba Shoko racho, uye nesimba racho, uye kuti ati, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” apo iye akaberekwa patsva, anogona kunge asiri mudzidzi, anogona kunge asingakwanise kuRitsanangura, asi iye anoRitenda. Kunge . . .

¹⁷⁶ Kana hama dzangu dzechitema nehanzvadzi pano vangandiregerera nekuda kwekutaura izvi, imwe hama yekare yechitema yakanaka zasi kuMaodzanyemba, vakataura nyaya diki nezvayo, vakati iye akanga akatakura Bhaibheri asi akanga asingatombokwanise kuverenga zita rake. Uye iye akati, “Mose, sei wakatakura Bhaibheri iroro?”

Akati, “Ishoko raMwari.”

Ivo vakati, zvakana, vakati, “UnoRitenda here?”

¹⁷⁷ Iye akati, “Hongu, changamire, chokwadi ndinoRitenda.” Akati, “NdinoRitenda kubva ‘kwekutanga’ kusvika

‘kwekupedzisira,’ uye ndinotenda ‘pekutanga’ zvekare, nekuti Iro rakanyorwa kuti ‘Bhaibheri Dzvene’ paRiri.”

178 Vakati, “Ko unoziva sei kuti Iro iBhaibheri Dzvene?” Vakati, “Ko unoziva sei kuti Iro rakadaro?”

179 Iye akati, “NdinongoRitenda. Ndizvo zvoga.” Ndizvo zvoga zvaafanira kuva nazvo. Iye aingoRitenda. Akanga asingazive kuti sei, asi aiRitenda.

180 Ivo vakati kwaari, “Mose, unodaro, ungaite here chero chinhu chipi icho chakanzi neBhaibheri uite?”

“Hongu, changamire.” Iye akati, “Kana Bhaibheri rakataura kudaro, ndaizozviita.” Hezvoka izvo.

181 Iye akati, “Zvakanaka, Mose.” Iye akati, “Zvino, ko, kana fenzi iyo yematombo apo, kana Ishe vakakuudza kuti usvetuke uchipfuura nepafenzi iyoyo yematombo, waizodaro here, waizosvetuka sei uchipfuura nepafenzi yematombo?”

182 Iye akati, “Ko Bhaibheri rinoti Mose asvetuke achipfuura nepafenzi yematombo here?”

183 Iye akati, “Asi ko kana Mwari vaizotaura kwauri uye vokuudza kuti usvetuke uchipfuura nepafenzi yematombo?”

Iye akati, “Dai vanga vari Mwari, uye iVo vakandiudza kuti ndisvetuke, ndaizosvetuka.”

184 Iye akati, “Ko unozopfuura sei nepafenzi iyoyo isina buri mairi?”

185 Iye akati, “Kana vanga vari Mwari, iVo vaizova neburi ipapo apo Mose paanosvika ipapo.” Uye ndizvozvo chaizvo. Ndizvo!

186 Iwe shinga utore Shoko raMwari uye womira ipapo zvino woti ndizvo zvaRiri! Regai mudzimai mudiki uyu anonzwise urombo anohuta-huta pano. Anofunga kuti ari kuzofa, uye zvimwe zvinhu zvese zvakatsveyama paari, munoona. Iwe hausi kufa! Woti, “Ko ndingazviite sei, Hama Branham?” Ingatora Shoko raKe uye wotsika paRiri imwe nguva kamwe, ugoona. Mira paShoko iroro, uone zvinoitika. Udza dhiyahhore kuti iye munyepi. Wanga uri munguva yekuguma kubara makore ose aya, une anenge makore makumi mashanu nemanomwe ekuberekwa. Zvino ibva pachinhu chacho, ndidhiyahhore! Tora Shoko raMwari uye woti, “Nemavanga aKe ndakapodzwa,” tarisa zvinozoitika. Zvadarwo iwe unozosiya kufunga kuti une chirwere chemwoyo nezvinhu zvose. Iwe hauna chirwere chemwoyo uye nezvinhu zvese izvozvo. Inhema. Iwe haunacho. Ingotenda Shoko raMwari. Ndizvozvo chaizvo.

187 Paunenge waberekwa patsva, Mwari vanokusimbisa. Ndiwo masimbisiro ayo Mwari vanoita zvisikwa zvaVo zvose. Chii? Nezvibereko zvavo. Ndiyo nzira yaVanosimbisa shumiro yaVo. Ndizvozvo chaizvo. Vose vevaranda vaKe vanosimbiswa nenzira imwe chete yaAnosimbisa nayo zvisikwa. Ko unoziva sei kuti

iwo muti wemupichisi? Nekuti unobereka mapichisi. Ko unoziva sei kuti iwo muti wemuapurosi? Iwo uri kubereka maapurosi. Ko unoziva sei kuti Mukristu? Zviratidzo zveChikristu zvinoberekwa kubva pauri, hupenyu hweChikristu hunobuda kubva mauri. Ko unoziva sei kuti iye mudzidzisi? Shoko rinobuda kubva maari. Ko unoziva sei kuti iye muporofita? Shoko rinouya kuburikidza naye, rinopupurira, kusimbiswa. Rinozviratidza pacharo. Ko iyo inova sei izvozvo? Kana ichinge yafa uye yova imwe chete. Ndizvozvo chaizvo. Kana tafa uye tava chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, zvinotiisa pane kudanwa kwedu, tinogara nekudanwa kwedu. Zvibereko zveMweya zvinotitevera kana tiri varanda vaKe. Kana tichinge taberekwa patsva, zvibereko zveHupenyu hwaKristu zvinotitevera. Ndizvozvo chaizvo. Ko unoziva sei kuti iwo muti wemupichisi? Une mapichisi. Ko unoziva sei kuti iye Mukristu? Iye anozvibata saKristu, anofamba saKristu, anotaura saKristu, anorarama saKristu, pamusoro pechivi, nekukunda kukuru. Ko iye anoitei, anoti, “Munoona izvo zvandakaita here”? Kristu haana kuita izvozvo. Akapa kurumbidza kwese kuna Baba. Ndizvozvo. Ndiwo mazivire aunozviita. Nezvibereko zvavo imi muchavaziva. Chii chinofanira . . .

¹⁸⁸ “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kunze kwekunge munhu aberekwa patsva haangakwanise kunyangwe kunzwisisa Humambo hwaMwari.”

¹⁸⁹ Saka handi mharidzo yangu yeGore Idzva pano natwelve-thirty, kana kuti maminiti makumi maviri kuti tisvike pana one, asi kuraira kwangu kuri kwauri, Mukristu, iwe unoda Mwari. Paunouya kuaritari yaMwari yendarira yekutonga, uye uchida kuberekwa patsva, ingozviradzika pachako pamusoro ipapo. Usatarisire kusimuka zvekare, uri kuzofa. Ndiwo maperero ako. Ndizvo zvoga. Kana ukasazviita, kana usinganzwe kuti unokwanisa kuzviita izvozvo, rega, rega kuzviedza, hazvizoshande; zvakadzama, mukuperera. Nemamwezve mapeji angada kusvika gumi echidzidzo ichi pano, kana kudarika, Magwaro, ndava kurega. Asi zviradzike pachako paaritari yaMwari yendarira yekutonga kwaMwari, uye wova wakafa kunyika sezvakanga zvakaita Kristu. Maona? Huya wakangofa sezvakanga zvakaita nyoka yakatongwa mubindu reEdheni, yakanga yakamiririrwa muchimiro chenyoka yendarira, isina hupenyu zvachose mairi yose. Hupenyu hwayo hwese hwakange hwaenda. Kristu aive asina hupenyu, vakaMutora kubva pamuchinjikwa ndokuMuviga muguva. Iye akange—Iye akange akafa. Uye zvararo Iye akamuka kuitira kururamiswa kwedu. Uye tinofa neGwayana redu paaritari, uye tomutswa zvekare, kuitira . . . mukururamisa kwaKe. Tinoziva sei? Nekuti Hupenyu hwaKe hwakaMumutsa kubva muchinhano ichocho chekufa, kuti Hupenyu humwe chete ihwohwo hunotimutsa kubva muchinhano chedu chekufa chenyika, kuve chisikwa

chitsva muna Kristu Jesu, uye zvararo neMweya Mutsvene tinobva tasimbiswa muHumambo hwaMwari kusvikira zuva rekudzikinurwa kweedu.

¹⁹⁰ “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kunze kwekunge munhu aberekwa patsva haakwanise kunzwisisa Humambo hwaMwari.” Usaedze kuHunzwisisa. Hauzombozviiti. Jesu akati hawaikwanisa. IngoHugamuchira, Hugamuchire pahwaro hweShoko raKe.

¹⁹¹ Rega kufamba uchipinda usingaone zvino, uye woti, “O Ishe, ndipeiwo kutekenyedzwa.” Usadaro, “Ishe, ndinoKuudzai.” Kwete. Ingoti, “Ishe, ndiurayei, bvisai nyika mandiri. Ndi—ndi—ndichiri kuda zvinhu zvemunyika.” Handirevi zvisikwa, kuvira kwezvava nerunako, nezvinhu zvakadaro, handizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Ndiri kufunga pamusoro peruchiva, hutsvina, hurongwa hwenyika. Zvinhu zvese izvi zvemunyika. Kungoti, zvinongofa, zvinongozvifira zvega, uye iwe hauna kana . . . izvo hazvisisina kukubata. Izvo zvinozova zvinonhuwa kwauri, “Uh, handingooni kuti vanhu vanorarama sei mazviri!” Unochema. Kuwanda kwezvaunoona zvazvo, ndiko kutonyanya kwaunoita! Hongu, changamire. Haukwanise kurerutsa pazviri. Hapana nzvimbo yekurerutsa. Hapana nzvimbo yekuzviisa pachako imomo kana muine nyika imomo. Iwe wakafa kune zvinhu izvozvo. Uye unokwanisa sei, uchinge pane imwe nguva wakafa kune nyika, zvararo wowadzana muzvinhu zvayo zvekare? Haukwanise kuzviita. Saka rega kuita izvozvo. Ifa kuzvinhu zvemunyika.

¹⁹² Ishe vakuropafadzei. Berekwai patsva Makristu. Berekwai patsva, zvararo hamuzofanira kutaura kuti, “Chinhu chakaomesesa,” imi madzimai, “kwandiri kuti ndirege vhudzi rangu richikura.” “Chinhu chakaomesesa kwandiri kuti ndirege hashu dzangu dzichienda,” imi varume. “Vakomana, ndinongofanira kuudza mudzimai wangu. Ndinomutora, vakomana, zvino ndinomuzunza uye ndoti, ‘Ndinoziva kuti ini ndiri Mukristu, handifanire kuita izvi, asi iweka nyarara uye ugare pasi.’” Uh—huh, rega kuita izvozvo. Maona?

¹⁹³ Iwe waizoda kuona nguva iyo yaunogona kuisa ruoko rwako rwakamumbudira, uye woti, “Mudiwa, izvozvo hazvina kufanira kuMukristu.” Ndiyo nzira yaunoda kuva, handizvo here? Unokwanisa kuva saizvozvo. Maona? Uye kana munhu akakurova nembama kune rumwe rutivi rwechiso, iwe haufanire kumucheka nebanga remuhomwe. Maona? Mumwe munhu akakurova nembama kune rumwe rutivi rwechiso, iti, “Hama, chikonzero chipi chamaitira izvozvo?” Maona? Hezvoka izvo. Ndicho Chikristu. Kana mumwe munhu akataura chimwe chinhu chakaipa pamusoro pako, pachinzvimbo chekungoedza kuva nekuratidzira kukuru nezvazvo, verevedza woenda pane imwe nzvimbo uye woti, “Baba veKudenga, munhu uyu munhu anofa. Ndinonamata kuti iMi mubvise mweya iwoyo kubva

maari. Musamutendere kuti aite izvozvo. Ndinonamata kuti iMi muponese hupenyu hwake.”

¹⁹⁴ Usazvitaure uchiti, “Ishe, ndinoziva handifanire kuzvitaure.” Zvakanaka, unogona kusazvitaure nemiromo yako, asi zvireve mumwoyo mako. Maona? Mwoyo wako ndiwo une basa, munoona. Kana iwe uchinge wakaberekwa patsva neMweya waMwari, zvechokwadi unoda munhu wese. Zvino iwe haudi nzira dzavo nezvinhu zvakadaro, haudi kubatana pamwe nazvo. Kwete, changamire. Gara kure nezvinhu zvemunyika, asi iwe ingozvichengeta usina gwapa. Uye nzira bedzi yaunofanira kuzviita nayo, zvinobva mukati zvichibuda kunze, senjiva iri kugadzirisa minhenga yayo, munoona. Iyo haifanire kuigadzirisa, yoti, “Zvino, nhasi ndinofanira kupukuta ndichibvisa zvose izvi,” uye ipapo sezvakadaro. Kwete, iyo ine mafuta mukati mayo nekuti iyo injiva, anongoichengeta yakachena. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

¹⁹⁵ Hausi kuzoita izvozvo here? HaungaMugamuchire saizvozvo here? Ndiko kugombedzera kwangu kwamuri paManheru ano eGore Idzva. Ndinonyengetedza tabhanakeri diki ino. Ndinokudai sei, ndinoda sei rino boka diki revanhu! Ndaizofarira sei kuuya ndichipinda imwe nguva, ndofamba ndichidzika zasi nemuchivakwa, uye ndongotarisa. Munoziva here izvo zvandakagara ndichishuvira kuona? Ichechi yakazadzwa neMweya, yekuti chivi hachaikwanisa kunyangwe kuva pairi. Ipapo chaipo imwe nhengo ikangoita chimwe chinhu chakatsveyama, Mweya unobva watochitaura ipapo. Iye aizotya kuzvibatanidza neMakristu asati achireurura uye nekuchigadzirisa, nekuti iye aizodanwa ipapo chaipo pamusangano apo pamunenge maungana. Munoona ipapo, hazvaizova zvakanaka kwazvo izvozvo here? Zvadaro uyo asina kuchena akapinda ogara pasi pakati penyu, chinhu chekutanga munoziva, Mweya Mutsvene unotaura nenzira iyo inoburitsa pachena zvakavanzika zvemwoyo wavo, munoona, uchivaudza. Zvino, kana zvichizoshanda pane mumwe chete, zvinozodaro pane mumwe. Muri kuonaka? Maona? Uye munhu wese ari mumunamato, imi mose seboka rimwe, munhu mumwe, mungori munhu mumwe chete, sezvo isu tese tiri nhengo dzeMutumbi uno tichifamba kuenda mberi, tese takaberekwa patsva neMweya waMwari, takazadzwa neMweya mumwe chete, takabhabhatidzwa tichipinda Mumutumbi mumwe chete. Hazvaizova zvakanaka kwazvo izvozvo here? Zvino, tinokwanisa kuva nazvo, Mwari vakazvivimbisa kwatiri. Asi chekutanga, rufu, kuvigwa, uye kumuka pamwe naYe.

¹⁹⁶ Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate. Pane mahengechepfu ari pano zvekare.

¹⁹⁷ Mwari Mutsvene, tinocherechedza, Ishe, kuti...kuyera kwekumira panzvimbo ino. Tinocherechedza kuti tiri muImba yaMwari. Tiri mukati, tichiwadzana neMutumbi waKristu,

unova Imba yaMwari. Nhengo dzeMutumbi dzaungana pamwe chete. Kune mumwe anouya achibva kune imwe zvimbo, uye mumwe wacho, vachiungana pamwe chete. Uye nhasi, pachidzidzo ichi cheSunday school, changa chakareba uye chakatambanuka. Asi, Baba, ndinotenda kuti zvakagadzwa neMi, kuti zvive nenzira iyi, kuti tikwanise kunzwisisa kuti kuberekwa nerumuko zvinorevei. Zvinorevei kuberekwa patsva. Tinofanira kudaro, zvinhu zvekutanga kutanga, tinofanira kufa kuti tikwanise kuberekwa patsva. Hamumboshanduri Mitemo yeNyu. Mutemo wezvisikwa uchiri kushanda. Mutemo wezvisikwa ndewekuti chero mbeu ipi inofanira kutanga yafa kuitira kuti iberekwe patsva. Uye tinocherechedza kuti nesuwo, zvakare, tinofanira kufa kuitira kuti tiberekwe patsva. Uye vazhinji kwazvo, Ishe, nhasi, ndinonamata iMi mutiregerere, vazhinji kwazvo vakavimba nezviitiko zvavakava nazvo, izvo zvavanozoti ivo vakaberekwa patsva. Asi zvibereko zvehupenyu hwavo zvinoratidza kuti zva . . . zvakaunzwa pamuti usiwo.

¹⁹⁸ Ndicho changa chiri chikonzero changu, Baba, sezvo mangwanani ano ndichibvunza kana Hama Neville vakataura neni kuti ndiunze Mharidzo, ndaizongodzidzisa Sunday school. Uye nokudaro, Baba, ndakazviita ne—nerudo uye nemoyo wangu wese, kuti vanhu vakwanise kuziva kuti, vasazorore pane chimwe chiitiko chidiki chavakava nacho, asi kuzorora zvakaperera pahupenyu hwavo hwezvava nezvava; kuti vanorarama sei munguva idzo apo vanenge vari muchechi, uye kuti vanorarama sei apo ku—kumanikidzwa kukuru kuchinge kwauya kunze. Vanotizira kuMuchinjikwa here kuitira rubatsiro apo dambudziko parinosimuka, kana kuti vanofamba here mumweya wavo nemifungo yavo? Ko ivo vanopindura nehasha here kana vachinge vashungurudzwa? Ndiwo muvhunzo uyu, Baba. Uye apo patinoona kuti hazvikwanisike zvachose kuti chero ani zvake wedu aponese mumwe, kuti Mwari vakagadzira nzira yakafanira, icho—icho Chibayiro chakakwana muna zvose, uye iCho ndiyo bedzi Nzira yatinokwanisa kuuya nayo. Kwete nechechi ipi zvayo, chitendwa chipi zvacho, sangano ripi zvaro, kutekenyedzwa kupi zvako, asi nenzira yaKristu. Sezvo munhu wemukutanga, wakarurama paakafa, akafira paaritari negwayana rake. Uye kusvika panguva ino chaiyo, mumwewo munhu wese akarurama anofanira kufira paaritari yendarira yaMwari, pamwe neGwayana rake, Kristu Jesu. Zvadaro takafa pamwe naYe, uye tikamutswa patsva, muHupenyu hutsva. Zviitei, Ishe, kuti zvirege kupotsa chero moyo upi zvawo uri mukati muno.

¹⁹⁹ Regai tizvifungisise nhasi, Ishe, sezvo tiri kudzoka masikati ano, zvekare naseven-thirty, kuti titange pano nhevedzano yemisangano yekuparidza manheru ano. Ndinonamata kuti iMi mugoropafadza mumwe nemumwe wevaranda veNyu manheru ano neMharidzo huru, Ishe. Zviitei. Dai mweya yedu ikazadzwa. Vanhu ava vakatyaira kubva kure kwazvo kuti vauye muno,

dai pakava . . . vakava vakazadzwa kwazvo neEvhangeri resimba raMwari kuburikidza nemanheru ano eGore Idzva kuti vazoenda vachibva pano vachifara uye vachirumbidza. Zviitei, Ishe, muchivapa Chikafu chepamweya chegore rinouya. Zviitei.

²⁰⁰ Tiregererei kudarika kwedu, sekuregerera kwatinoita avo vanotitadzira. Uye iMi makati, “Kana iwe kubva pamwoyo wako usingaregereri munhu wese kudarika kwake, kana Baba venyu veKudenga havangakuregereri.” Saka, Ishe, tinoregerera munhu wese. Isu, nekutenda, mangwanani ano, tinoisa mweya yedu paaritari, pisai chidimbu chose chehupenyu hwenyika kubva matiri, Ishe. Dai utsi hwaya kumusoro kubva pachibairo chedu, Ishe, uye huve kunhuwirira kunotapira mumhino dzeNyu. Zviitei, Ishe, sezvo tisingaise gwayana rinopiswa, asi kuzviisa isu pachedu pamusoro ipapo sevatadzi, kuti tipiswe sevatadzi, uye toshandurwa kuva makwayana ekuberekwa kutsva. Zviitei, Ishe.

²⁰¹ Zvadaro musatitungamirire mukuyedzwa, asi tinunurei pane zvakaipa; zvakaipa zvehurwere, zvakaipa zvekushungurudzika. Podzai munhu wese ari muchivakwa mangwanani ano. Munhu wese anorwara anokwanisa kupodzwa nhasi, Ishe. Ndinotaura mashoko aya nemuZita raIshe Jesu, kuti makomo arere pamberi pevanhu dai iwo ose abviswa nhasi. Kana huri hurwere, kana rwuri ruchiva, kana zvishuwo, kana chiri chinhu chipi zvacho chemunyika, dai chikabva munzira uye chorega Shoko raMwari richipinda uye riratidzwe muhupenyu hwavo. Tinunurei pane zvakaipa; nekuti Humambo ndehweNyu, Ishe, nesimba, nekubwinya, narinhi. Amenii.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nekuti Iye akatanga kundida
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Zvino mhoresanai maoko.

NdinoMuda, ndi . . .

Ingotendeuka kwese-kwese, uye woti, “Kwaziwai, hama yangu, kaziwai!”

Nekuti Iye akatanga kundida
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

Rambai muchiridza.

²⁰² Ndinoda kutenda mumwe nemumwe wenyu nekuda kwemutsa wenyu wese gore rino rapfuura. Zvichida ndichawana Mharidzo yangu manheru ano, Ishe vachitendera, naseventhirty. Ndinoda kutenda Charlie naNellie, naRodney nemudzimai wake, nokuda kwemutsa wavo, mumwaka wekuvhima pandakanga ndiri zasi uko, vakandibata sekunge ndaive baba vavo kana mukoma wavo. Uye kunemi mese vanhu

maiva nemwoyo une mutsa kwazvo kwandiri, ndinokutendai. Hama neHanzvadzi Dauch, uye neHama Wright, uyewo Hama Ben, nevakawanda, imi mese—mese vanhu, Hama Palmer uye, munoziva, imi mose munobva kuGeorgia, kwese kwakapoterera kwese hako, ndinokutendai.

²⁰³ Gara zviya, baba vaMargie, vakafona nezuro vakati ivo vakanga vachirwara. Ko—ko Margie naRodney vari pano here? Havapo here? Ko mutana ari sei? [Imwe hama iri muungano inoti, “Anokwanisa kunge angori nani zvishoma.”—Mupepeti]

Ngatingo, zvishoma nezvishoma, ngatinamatei.

²⁰⁴ Baba veKudenga, masvondo mashoma apfuura ndakagara pavharanda diki rekumusha kure chaiko uko neche kumusoro munzira yemuKentucky. Vamwe baba vekare vakura vakagara kunze uko vakapfeka hovhorosi yavo, neshati yavo yebhuruu yakaumbuka, vachidedera. Ndakavatora neruoko ndikaona kuti vakange vave kusvika kumagumo. Vamwe amai vadiki vechikuru vakandikoka kuti ndipinde kuti ndigodya mabhisikiti nemuto. Ishe, vakanga vachingoremekedza Shoko reNyu. Zvino ivo vangori pano zvishoma, vari kutisiya. Musavarega vachifa vari mutadzi, Ishe. Zvichida kwakanga kuri kwedu . . . kukanganisa, kwemuranda weNyu, Ishe. Mutana murombo iyeye, pasina chaanzovisa asi kuputsa mavhinga uye achikwana chokuriritira vana vake, asi ndakawana maari mweya wakanaka wakapfava. Musamurega achifa ari mutadzi. Mwanasikana wake ndemumwe wedu, Ishe. Uye kuti apo Margie mudiki, iwo mapfudzi madiki achirwadza, uye kuti iye akashumira sei kwandiri uye achiedza kundigadzirira mubhedha wekurara mauri zasi ikoko, nesvu—svusvuro yemangwanani iri patafura, uye iye naNellie naCharlie navo vese, amai Cox. “Zvino iye ainge achichema,” ivo vakadaro, “parunhare. Baba vake vari kufa.” Ndidababa vake.

²⁰⁵ Ishe, huyai kune tende iroro remweya wekufema iye zvino, regai kugogodza patende racho, asi tende iroro remusiwo wemoyo wavo. Zvichida vamwe vedu hatina kuzadzisa basa redu rekuenda kwavari, Ishe. Vamwe vevamwe varanda veNyu, zvichida mumazuva avo ehudiki apo pfungwa dzavo dzaive dzakabengenuka, zvichida imhosva yedu, Ishe, kuti hatina kuvanyengetedza. Zvadaro tiregererei, Ishe, uye muvatore kupinda muHumambo hweNyu. Zviitei, Baba. Tinovaisa kwaMuri zvino. Uye kana zvichikwanisika, kana zviri muzano reNyu guru, kana Imi mukazovamutsa, Ishe, zvichida vamwe vedu tinozowana mukana wekutauro navo zvekare. Zvisinei, chikumbiro chedu ndeche mweya wavo, Ishe, nekuti iwo uchatora rwendo rwawo munguva pfupi chaiyo, zvinotaridzika sekudaro, uchiburuka muchadenga kunopinda munzvimbo dzisingazivikanwe mhiri uko, oo, vasina mutyairi, pasina anovatumamira kupfuura nemumhute yakasimba nemhute mhiri uko. Vanozorasikirwa nenzira yavo, Ishe. Dai

Mutyairi uyo anoziva nzira, auya kwavari mangwanani ano, voisa hoko yechikepe chavo chidiki neche padivi rechikepe chekare cheZioni. Apo pavanofamba rwendo rwavo, ivo vanozova nechokwadi chekusvika kumahombekombe vari mukuchengeteka. Zviitei, Baba. Tinovaisa kwaMuri zvino, nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

NdinoMuda, ndinoMuda

Ngatisimudzei maoko edu.

Nekuti Iye akatanga kundida
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰⁶ Manheru ano ndichaedza kukurumidza zvishoma neMharidzo, sezvandaita mangwanani ano. Zvino chifambai muchienda. Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kuenda nemi mose kumba pamwe neni, ndokupai imi mose kudya kwemasikati kwakanaka. Zvechokwadi ndaizozviita dai ndaikwanisa. Asi ndinovimba kuti Ishe vanokupai ku—kudya chaiko, tichitaura pamweya, mukunaka kwaVo netsitsi, kuti imi muchazviona uye mokura kusvika pachimiro chaIye waunoda, Muponesi wenyu, Jesu Kristu. Zvino patiri kubva muchivakwa, uye tomira kuitira munamato, wekuperadzana, tinoda kuimba rwiyo rweedu, uye ivai nechokwadi chekuti munorwuteerera, *Tora Zita RaJesu Newe*. [Hama Neville vanoti, “Ndine chiziviso chandinoda kupa.”—Mupepeti] (Chii? Imi endai munoparadzana ungangano.) Zvino, tiri kuzopa chiziviso munguva shoma, tine chiziviso mushure mekunge tangopedza kuimba rwiyo rweedu. Zvakanaka.

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nekukunyaradza,
Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, Oo rinotapira zvakanadi!
Tariro yenyika nemufaro we . . .

Ishe Jesu, podzai vanhu ava, ndinonamata, muZita raJesu.

Tariro yenyika nemufaro we . . .

Tora Zita raJesu newe,
Senhoo kubva kune miteyo yose;

Teerera zvino, chii.

Kana miyedzo ichinge yakukomberedza, (chii chaunoita?)
Ingofema Zita iroro dzvene mumunamato.

Zita rakakosha, Oo rinotapira zvakadini!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga;
 Zita rakakosha (Zita rakakosha), Oo
 rinotapira zvakadini!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga.

²⁰⁷ Zvino rangarirai, ndinotenda kuti Jesu Kristu anotaura izvi kumunhu wese, paDzidziso Yake yekutanga: “Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura,” ndiro Shoko, kugezwa nemvura kuburikidza neShoko, “uye neMweya,” unova Mweya Mutsvene, Mweya Mutsvene uchisimbisa Shoko, “iye haakwanise kuona Humambo hweKudenga.” Munozvitenda izvozvo here? Maona? “Kuburikidza nemvura,” kugezwa nemvura kuburikidza neShoko, Shoko neChokwadi, iYe ndiye Chokwadi, “mvura neMweya,” Mweya uchiuya neShoko, kuzosimbisa Shoko, uchiita kuti Mwari vararame mandiri, munoona, “hatigone kunzwisisa Humambo hweKudenga kusvikira izvozvo zvaitika,” ipapo kana izvozvo zvatanga kuitika, kuti tinoona Shoko matiri, takaberekwa neShoko uye neMweya, uchizviratidza pachaWo, uchinditungamirira, kwete *kubva* paShoko, Mweya unonditungamirira *ku*Shoko, uye Shoko richirarama mandiri, richiita kuti Mwari aratidzwe muhupenyu hwako, “Haumbofi wakanzwisisa Humambo hwaMwari, uye haukwanise zvachose kupinda mahuri.” Mwari vakuropafadzei.

Hama Neville.



UNOFANIRA KUBEREKWA PATSVA SHO61-1231M
(You Must Be Born Again)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Zvita 31, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org